

# **Tit 40: Board of Correction**

## **Chapit 1: Etablisman Koreksyonèl yo**

### **§ 1-01 Tretman san Diskriminasyon**

(a) *Règleman.* Yo pa dwe fè diskriminasyon kont prizonye yo poutèt ras, relijon, nasyonalite, sèks, oryantasyon seksyèl, jan, andikap, laj oswa kwayans politik yo. Mo "prizonye a" vle di nenpòt moun ki nan detansyon nan Depatman Koreksyonèl (Department of Correction) ("Depatman an") Vil New York. "Detni" vle di nenpòt ki prizonye k ap tann dispozisyon pou yon akizasyon kriminèl. "Prizonye kondane" vle di nenpòt ki prizonye k ap piye yon pèn pou jiska yon (1) lane detansyon nan Depatman an.

(b) *Pwoteksyon egalego.*

(1) Yo dwe bay prizonye yo menm opòtinite nan tout desizyon, tankou lè y ap bay travay ak lojman, klasifikasyon, ak disiplin.

(2) Yo dwe bay prizonye yo menm pwoteksyon ak menm opòtinite lè y ap konsidere pwogram ki disponib tankou, pwogram ki gen pou wè ak edikasyon, relijon, pwofesyon, Iwazi, oswa liberasyon tanporè.

(3) Chak etablisman dwe ofri pwogram, aktivite kiltirèl ak manje ki apwopriye pou gwoop ras ak orijin ki gen anpil nan yo nan popilasyon prizonye a, tankou prizonye Nwa ak Ispanik yo.

(4) Pa gen anyen ki nan seksyon sa a ki pral anpeche Depatman an itilize kritè rasyonèl pou yon pwogram oswa opòtinite an patikilye.

(c) *Prizonye ak manm pèsonèl Ispanik yo.*

(1) Chak etablisman dwe gen ase anplwaye ak benevòl ki pale panyòl pou ede prizonye Ispanik yo konprann, epi patisipe, nan diferan pwogram ak aktivite etablisman an, tankou itilize bibliyotèk dwa a ak aplike pou libète kondisyonèl.

(2) Yo ta dwe itilize prizonye bileng nan chak inite lojman pou ede prizonye ki pale panyòl yo nan inite a ak nan bibliyotèk dwa a.

(3) Nenpòt komunikasyon sou yon bagay ki enpòtan manm pèsonèl prizon an voye bay prizonye yo, tankou oryantasyon, rechèch jiridik, pwogram etablisman an, entèvansyon medikal, nòm minimòm ak kòd sou disiplin dwe an panyòl ak angle.

(4) Nenpòt komunikasyon sou yon bagay ki enpòtan manm pèsonèl prizon an voye bay moun oswa òganizasyon deyò regilyèman ki enlike prizonye Vil New York yo dwe an panyòl ak angle.

(5) Yo dwe bay prizonye ki pale panyòl yo opòtinite pou yo li pubblikasyon ak jounal ki an panyòl, ak pou tandem emisyon radyo ak televizyon an panyòl. Bibliyotèk etablisman yo dwe gen liv ak dokiman ki an panyòl.

(d) *Diferan lang.*

(1) Yo dwe kite prizonye yo kominike ak lòt prizonye epi ak lòt moun ki deyò etablisman an pa kourye lapòs, telefòn, oswa fas-a-fas, nan nenpòt ki lang, epi yo gendwa li ak resevwa dokiman ki ekri nan nenpòt ki lang.

(2) Depatman an dwe pran dispozisyon pou ede asire prizonye ki pa pale angle yo jwenn aksè ak sèvis tradiksyon san pèdi tan.

(3) Yo dwe itilize pwosedi yo pou asire prizonye ki pa pale angle yo konprann tout komunikasyon alekri ak aloral manm pèsonèl etablisman an voye, tankou pwosedi oryantasyon, pwosedi sèvis sante, règ etablisman an ak pwosedi disiplinè.

### **§ 1-02 Klasifikasyon Prizonye yo.**

(a) *Règleman.* Konfòmeman ak egzijans yo ki nan seksyon sa a, Depatman an dwe itilize yon sistèm klasifikasyon pou prizonye yo.

(b) *Kategorî.*

(1) Yo dwe mete prizonye kondane yo yon kote ki separe epi ki apa avèk prizonye yo k ap tann pwosè oswa entèwogatwa, sòf lè yo mete yo nan:

- (i) izolman kòm pinisyon;
- (ii) espas lojman medikal;
- (iii) sant sante mantal ak espas lojman pou selil obsèvasyon mantal;
- (iv) lojman kote siveyans lan amelyore;

- (v) prizon pou manman ak timoun piti yo;
- (vi) espas lojman pou adolesan;
- (vii) espas lojman ki rezève pou prizonye ki gen 18 rive 21 lane; epi
- (viii) espas lojman pou prizonye fanm ki ansent.

(2) Lè yo mete prizonye kondane yo avèk prizonye k ap tann pwosè oswa entèwogatwa yo nan espas lojman ki nan souparagraf yo (i) rive (viii) nan paragrap (1) sibdivizyon sa a, yo dwe trete prizonye kondane yo tankou prizonye k ap tann pwosè oswa entèwogatwa pou tout rezon esepte lojman an.

(3) Nan kategori yo prezante nan paragrap la (1), yo dwe mete gwooup ki vini annapre yo yon kote ki separe e ki apa:

- (i) granmoun gason ki gen 22 lane e plis;
- (ii) jenn granmoun gason ki gen 18 rive 21 lane;
- (iii) minè gason ki gen 16 ak 17 lane;
- (i) granmoun fanm ki gen 22 lane e plis;
- (v) jenn granmoun fanm ki gen 18 rive 21 lane;
- (vi) minè fanm ki gen 16 ak 17 lane.

(c) *Prizonye ki gen 18 rive 21 lane.*

(1) Anvan 15 oktòb 2015, Depatman an dwe aplike egzijans paragrap (2) sibdivizyon (b) ki nan seksyon sa a ki di fòk yo mete prizonye ki gen 18 rive 21 lane yo yon kote ki separe e ki apa avèk prizonye ki gen plis pase 21 lane yo.

(2) Lojman pou prizonye ki gen 18 rive 21 lane yo dwe bay prizonye sa yo pwogram ki apwopriye ak laj yo. Anvan 1ye out 2015, Depatman an dwe bay Konsèy Administrasyon an plan pou l elabore pwogram ki apwopriye ak laj prizyone yo.

(d) *Prizonye sivil yo.*

(1) Yo dwe mete prizonye ki pa dirèkteman enplike nan pwosesis penal la antanke detni oswa antanke prizonye k ap piye pèn epi yo fèmen pou lòt rezon tankou pwosedi sivil, outraj sivil oswa temwen empòtan, yon kote ki separe e ki apa avèk lòt prizonye yo epi, si li posib, nan yon batiman oswa yon zèl ki diferan. Fòk yo ba yo omwen menm kantite dwa, privilej ak chans ki disponib pou lòt prizonye yo.

(2) Nan kategori sa a, yo dwe mete gwooup ki vini annapre yo yon kote ki separe e ki apa:

- (i) granmoun gason ki gen 22 lane e plis;
- (ii) jenn granmoun gason ki gen 18 rive 21 lane;
- (iii) minè gason ki gen 16 ak 17 lane;
- (i) granmoun fanm ki gen 22 lane e plis;
- (v) jenn granmoun fanm ki gen 18 rive 21 lane;
- (vi) minè fanm ki gen 16 ak 17 lane.

(e) *Melanj limite.* Okenn dispozisyon ki nan seksyon sa a pa dwe anpeche prizonye yo ki nan kategori oswa gwooup diferan yo twouve yo menm espas la pou yon rezon espesifik, tankou amizman, kou, vizit pou kontak oswa nesesite medikal.

(f) *Klasifikasyon sekirite.*

(1) Depatman an dwe itilize yon sistèm klasifikasyon pou prizonye ki an gwooup yo selon degré minimòn siveyans ak sekirite yo egzije a.

(2) Sistèm klasifikasyon an dwe satisfè egzijans ki vini annapre yo:

(i) Fòk li alekri epi presize objektif debaz, kategori klasifikasyon, varyab ak kritè yo itilize yo, pwosedi yo itilize yo ak konsekans espesifik pou prizonye a pou plasman li nan chak kategori.

(ii) Fòk li gen omwen de (2) kategori klasifikasyon.

(iii) Fòk li pevwa yon klasifikasyon inisyal pandan prizonye a ap antre nan sistèm koreksyonèl la. Klasifikasyon sa a pral konsidere sèlman enfòmasyon empòtan ki verite konsènan prizonye a yo kapab verifye.

(iv) Fòk li prevwa patisipasyon prizonye a nan chak etap pwosesis la kòmsadwa.

(v) Yo dwe refize sèlman prizonye yo mete nan sitiyasyon sekirite ki pi limite yo dwa, privilej ak opòtinité sa yo ki gen pou wè dirèkteman ak eta yo e yo pa kapab ba yo yon lè oswa yon kote ki diferan ak sa yo bay lòt prizonye yo.

(vi) Li dwe prevwa mekanis ki pou pèmèt yo kontwole prizonye yo mete nan sitiyasyon sekirite ki pi limite yo nan entèval tan ki pa depase kat (4) semenn pou detni yo epi uit (8) semenn pou prizonye kondane yo.

### **§ 1-03 Ijyèn Pèsonèl.**

(a) *Règleman.* Chak etablisman dwe tabli ak kenbe plizyè nòm rezonab pou ijyèn pèsonèl prizonye yo.

(b) *Douch yo.*

(1) Yo dwe rann douch ki gen dlo cho ak dlo frèt yo disponib pou tout prizonye yo chak jou. Yo dwe suiv nòm pou tanperati dlo cho Asosyasyon Sante Biblik Ameriken (American Public Health Association) tabli yo. Konfòmeman ak egzijans nan zafè sante etablisman an fè, yo ka mande prizonye yo pran yon douch chak peryòd. Yo dwe netwaye espas kote douch la ye a omwen yon (1) fwa chak semenn.

(2) Malgre paragrap (1) nan sibdivizyon sa a, yo ka refize prizonye ki fèmen nan izolman kòm pinisyon yo aksè ak douch yo chak jou akoz kondanasyon pou move konpòtman sou chemen pou yo ale nan douch la, soti nan douch la oswa pandan y ap pran douch la. Men ki jan: pou yon premye deli, yo ka redui aksè ak douch yo a senk (5) jou pa semenn pandan plizyè semenn youn dèyè lòt; pou plizyè kondanasyon ki vini annapre pandan menm moman yo fèmen prizonye nan izolman kòm pinisyon an, men ki jan: pou yon dezyèm kondanasyon, yo ka redui aksè ak douch yo a twa (3) jou pa semenn pandan jiska twa (3) semenn youn dèyè lòt; pou yon twazyèm kondanasyon, a twa (3) jou pa semenn pandan jiska kat (4) semenn youn dèyè lòt; epi pou yon katriyèm kondanasyon, a twa (3) jou pa semenn pandan tan yo fèmen prizonye a nan izolman kòm pinisyon an. Dispozisyon ki nan paragrap sa a (2) pa dwe aplike pou prizonye k ap parèt devan tribinal yo, pandan moman chalè yo lè aksè ak douch frèt yo pwoteje sante prizonye yo, epi ak prizonye fanm ki gen règ yo,

(c) *Rezaj.*

(1) Yo dwe kite tout prizonye yo raze chak jou. Yo dwe bay dlo cho ki ase pou pèmèt prizonye yo alèz pou yo byen raze. Sou demann, Depatman an dwe fè depans pou achte bagay ki nesesè pou raze yo bay prizonye yo epi li dwe konsève yo yon kote pwòp ki an sekirite.

(2) Malgre paragrap (1) nan sibdivizyon sa a, yo ka refize prizonye ki fèmen nan izolman kòm pinisyon yo aksè ak raze chak jou, sof pou yo parèt devan tribinal, akoz kondanasyon pou move konpòtman sou chemen pou yo ale nan douch la, soti nan douch la oswa pandan y ap pran douch la, selon orè nan paragrap (b)(2) ki nan seksyon sa a.

(d) *Fè cheve.*

(1) Se moun ki kapab itilize zouti pou fè cheve yo ki dwe fè cheve prizonye yo. Moun sa yo se, men genyen toujou:

- (i) kwafè ki gen lisans;
- (ii) manm pèsonèl etablisman yo; ak
- (iii) prizonye yo.

(2) Yo dwe konsève zouti pou fè cheve yo yon kote pwòp ki an sekirite.

(e) *Kwafi.*

(1) Konfòmeman ak egzijans soudivizyon sa a, yo dwe kite prizonye yo fè tèt yo jan yo vle, pa egzanp, fè bab yo jan yo vle, nenpòt longè yo vle.

(i) Yo ka egzije prizonye yo bay travay nan espas kote yo ranje, prepare, sèvi oswa jere manje yon lòt fason pou yo mete filè cheve oswa yon lòt bagay pou kouvri tèt.

(ii) Depatman an ka deside kèk travay li bay reprezante yon danje pou sekirite prizonye ki gen cheve long oswa bab long yo. Yo dwe voye prizonye ki pa vle oswa ki pa kapab respekte egzijans sekirite travay sa a travay yon lòt kote.

(iii) Si lè gade cheve yon prizonye yo wè vèmin ladan I, yo ta dwe tanmen yon tretman medikal lapoula. Nan sikontans sa yo, yo kapab kite yo koupe cheve yon prizonye sou lòd alekri yon medsen epi anba sipèvizon dirèk yon medsen.

(2) Si lè cheve yon prizonye pouse oswa lè prizonye a koupe cheve li, tankou bab li, sa kreye yon pwoblèm idantifikasyon, yo ka fè yon nouvo foto pou prizonye sa a.

(f) *Bagay pou swen sante pèsonèl.*

(1) Pandan prizonye yo ap antre nan etablisman an, Depatman an dwe fè depans pou l achte bagay swen sante pèsonèl bay tout prizonye yo, tankou men genyen toujou:

- (i) savon;
- (ii) bwòsdan;
- (iii) patdan oswa poud dan;
- (iv) gode pou bwè;
- (v) papye twalèt;
- (vi) sèyyèt; ak

(vii) glas an aliminyòm oswa an plastik, sof si li disponib an pèmanans nan espas lojman an.

(2) Anplis bagay ki liste nan paragrap (1) ki nan soudivizyon sa a, Depatman an dwe fè depans pou l achte bagay ijyèn ki nesesè yo bay tout prizonye fanm yo.

(3) Depatman an dwe fè depans pou yo chanje sèvyèt yo omwen yon (1) fwa pa semenn. Depatman an dwe fè depans pou yo renouvre oswa ranplase tout lòt bagay pou swen sante pèsònèl yo bay konfòmeman ak paragrap (1) ak paragrap (2) nan soudivizyon sa a.

(g) *Rad.*

(1) Prizonye yo gen dwa pou yo mete rad Depatman an bay si sa nesesè. Depatman an dwe fè depans pou yo lave ak repare rad sa yo epi rad sa yo se, men genyen toujou:

- (i) yon (1) chemiz;
- (ii) yon (1) pè pantalon;
- (iii) de (2) souvètman;
- (iv) de (2) pè chosèt;
- (v) yon (1) pè bagay pye ki apwopriye; ak
- (vi) yon (1) chanday oswa chemiz atlèt yo bay lè li fè frèt.

(2) Depatman an ka egzije prizonye kondane yo pou yo mete rad etablisman an. Nan kreyasyon ak jesyon sèvis pou rad yo dekri nan paragrap (h)(2) nan seksyon sa a, Depatman an ka egzije tout prizonye yo pou yo mete rad etablisman an ki apwopriye ak sezon an, sof lè prizonye yo ap parèt devan tribinal, yo ka mete rad yo dekri nan paragrap (3) soudivizyon sa a. Yo dwe kapab distenge rad etablisman yo bay detni yo fasil pa rapò ak rad yo bay prizonye kondane yo. Depatman an dwe fè depans pou l bay, lave ak repare rad etablisman an.

(3) Jiskaske Depatman an kreye epi jere sèvis rad ki dekri nan paragrap (h)(2) seksyon sa a, yo dwe kite detni yo mete rad ki pa rad etablisman an. Rad sa yo ka gen ladan yo:

- (i) bagay pou prizonye yo mete lè y ap antre nan etablisman an; epi
- (ii) yo resevwa nan men nenpòt moun apre yo fin antre. Rad sa yo, tankou soulye, ka nèf oswa pèpè.

(iii) Yo dwe kite detni yo mete tout rad ki jeneralman aseptab nan piblik e ki pa yon menas pou sekirite yon etablisman.

(4) Depatman an dwe fè depans pou yo bay prizonye ki angaje nan travay oswa lwazi deyò ki egzije pou mete rad espesyal rad sa yo.

(5) Nan kreyasyon ak jesyon sèvis pou rad yo dekri nan paragrap (h)(2) nan seksyon sa a epi ki egzije tout prizonye yo pou yo mete rad etablisman an, Depatman an dwe bay tout prizonye yo omwen bagay sa yo lè y ap antre nan etablisman an:

- (i) de (2) chemiz;
- (ii) yon (1) pè pantalon;
- (iii) kat (4) souvètman;
- (iv) kat (4) pè chosèt;
- (v) yon (1) pè bagay pye ki apwopriye; ak
- (vi) yon (1) chanday oswa chemiz atlèt yo bay lè li fè frèt.

(6) Lè yo egzije tout prizonye yo pou yo mete rad etablisman an, Depatman an dwe bay prizonye yon lòt rad pwòp ki menm jan ak rad sa a chak kat (4) jou.

(h) *Sèvis rad.*

(1) Depatman an ta dwe fè depans pou l bay sèvis lesiv ki ase pou bay prizonye yo lòt rad pèsònèl oswa rad etablisman ki pwòp omwen de (2) fwa pa semenn.

(2) Anvan Depatman an egzije detni yo mete rad etablisman an, li dwe kreye ak jere:

(i) sèvis lesiv ki ase pou satisfè egzijans nan paragrap (g)(5) ak paragrap (6) nan seksyon sa a nan depans Depatman an fè, epi

(ii) pwoteje enstalasyon estokaj yo kote yo kapab jwenn rad prizonye yo rapid epi netwaye yo pou yo parèt devan tribinal epi jwenn yo rapid lè yo libere prizonye yo nan detansyon.

(i) *Bagay pou kabann.*

(1) Pandan prizonye yo ap antre nan etablisman an, Depatman an dwe fè depans pou l achte bagay pou kabay bay tout prizonye yo, tankou men genyen toujou:

- (i) de (2) dra;
- (ii) yon (1) zòrye;
- (iii) yon (1) sak zòrye;
- (iv) yon matla;
- (v) yon fouwo matla; ak
- (vi) lèn ki ase pou bay konfò ak chalè.

(2) Anvan yo bay yo, yo dwe verifye tout bagay pou kabann yo pou wè si yo andomaje epi repare

oswa netwaye yo, si sa nesesè.

(3) Yo dwe netwaye sak zòrye ak dra yo omwen yon (1) fwa chak semenn. Yo dwe netwaye lèn yo omwen yon (1) fwa chak twa (3) mwa. Yo dwe netwaye matla yo omwen yon (1) fwa chak sis (6) mwa.

(4) Fòk matla yo fèt avèk materyèl ki anpeche dife pran. Fòk fouwo matla yo fèt avèk materyèl ki alafwa rezistan ak dlo epi ki kapab dezenfekte fasil.

(5) Yo dwe konsève tout rad ak bagay pou kabann yo ki nan etablisman an yon kote pwòp ki an sekirite.

(j) *Espas lojman yo.*

(1) Depatman an dwe fè depans pou I bay prizonye yo bale, mòp, poud savon, dezenfektan ak lòt materyèl ki ase pou byen netwaye ak kenbe espas lojman yo pwòp, sòf lè manm pèsònèl medikal la kontrendike li. Nan sikontans sa yo, Depatman an dwe pran lòt dispozisyon pou I netwaye espas sa yo.

(2) Depatman an dwe asire netwayaj regilye tout espas lojman yo, tankou selil yo, graden yo, sal komin yo, fenèt yo, epi li dwe derasinen wonjè ak vèmin nan tout espas lojman yo.

(3) Tout espas lojman yo dwe gen omwen enstalasyon ki vini annapre yo nan kantite ki ase pou reponn ak nòm rezonab pou ijyèn pèsònèl prizonye yo:

(i) lavabo ki gen dlo cho ak dlo frèt;

(ii) twalèt ki flòch; ak

(iii) douch ki gen dlo cho ak dlo frèt.

## § 1-04 Moun pil sou pil.

(a) *Règleman.* Yo pa dwe mete prizonye yo nan selil, pyès oswa dòtwa yo sof si yo bay espas ak mobilye ki adekwa.

(b) *Yon sèl moun nan selil oswa pyès.*

(1) Yon selil oswa pyès ki fèt oswa evalye pou yon sèl prizonye dwe pran sèlman yon prizonye.

(2) Chak selil poukонт li dwe genyen yon twalèt ki flòch, yon lavabo ki gen dlo pwòp, yon sèl kabann ak yon bwat pou mete zafè pèsònèl ki kapab fèmen.

(3) Yon espas lojman ki gen yon sèl selil dwe genyen yon espas pou tab oswa pou biwo ki disponib pou chak okipan itilize pandan omwen 12 èdtan pa jou.

(c) *Plizyè moun nan selil oswa pyès.*

(1) Yon espas lojman ki pou plizyè moun dwe genyen pou chak okipan yon sèl kabann, bwat pou mete zafè pèsònèl ki kapab fèmen oswa espas pou tab oswa pou biwo ki disponib pou itilize pandan omwen 12 èdtan pa jou.

(2) Espas lojman ki pou plizyè prizonye yo dwe fè yon minimòm 60 pye kare nan espas atè a pou chak moun nan espas pou dòmi an.

(3) Yon espas lojman ki pou plizyè moun dwe gen minimòm yon twalèt ak yon douch ki fonksyone pou 8 prizonye epi yon lavabo ki fonksyone pou chak 10 prizonye. Twalèt yo dwe aksesib 24 sou 24 pou yo itilize yo san asistans manm pèsònèl la.

(4) Yon espas lojman ki pou plizyè moun dwe gen yon espas pou sal komin ki separe ak zòn dòmi an yon fason pou bri pa pase, men ki toupe li epi aksesib ak li, sof pou selil ki fèt oswa ki evalye pou de (2) oswa plizyè okipan yo. Yo te louvri yo 1ye janvye 2000 oswa anvan.

(5) Yon espas lojman ki pou plizyè moun pa dwe pran plis pase:

(i) 50 Detni

(ii) 60 Prizonye Kondane. Souparagraf sa a dwe aplikab pou tout espas lojman ki pou plizyè moun yo te louvri apre 1ye jiyè 1985.

## § 1-05 Rete fèmen nan selil.

(a) *Règleman.* Yo ta dwe minimize tan prizonye yo pase fèmen nan selil yo epi yo ta dwe egzije sa sèlman lè sa nesesè pou sekirite etablisman an. Dispozisyon ki nan seksyon sa a yo pa aplikab pou prizonye ki fèmen nan izolman kòm pinisyon ni pou prizonye ki fèmen pou rezon medikal nan inite ki la pou prizonye ki soufri maladi kontajye yo.

(b) *Rete fèmen nan selil enbenevol.* Yo pa dwe egzije okenn prizonye rete fèmen nan selil li sof pou rezon sa yo:

(1) Nan nuit pou chèf akizasyon, ki pa depase uitèdtan nan yon peryòd 24 èdtan;

(2) Pandan lajounen pou chèf akizasyon oswa pou zafè etablisman an ki nesesè yo kapab sèlman regle pandan prizonye yo fèmen nan selil yo, ki pa depase de (2) èdtan nan yon peryòd 24 èdtan. Yo ka

pwolonje lè sa a si li nesesè pou fè dekont. Paragraf sa a pa dwe aplike pou prizonye ki fèmen nan lojman kote siveyans lan amelyore, yo ka fèmen yo nan selil pandan lajounen pandan jiska nevèdtan nan yon peryòd 24 èdtan.

(c) *Rete fèmen nan selil opsyonèl.*

(1) Prizonye yo dwe gen chwa pou yo rete fèmen nan selil yo pandan peryòd fèmen deyò yo. Yo dwe fèmen deyò prizonye ki chwazi rete fèmen nan selil yo nan kòmansman yon peryòd fèmen deyò pandan dezèdtan oswa plis sou demann apre yon mwatye peryòd la. Nan moman sa a, yo dwe fèmen nan selil yo prizonye yo te fèmen deyò yo lè gen demann.

(2) Depatman an ka refize demann yon prizonye pou l chwazi rete fèmen nan selil li nan eta obsèvason mantal si yon sikiyat oswa yon sikològ deside alekri chwazi rete fèmen nan selil la reprezante yon menas pou sekirite prizonye sa a. Fòk yo revize desizyon pou refize demann yon prizonye pou l chwazi rete fèmen nan selil li chak dis (10) jou, ak tou yon ekspoze alekri konklyzon yon sikiyat oswa yon sikològ fè. Desizyon yon sikiyat oswa yon sikològ pran konfòmeman ak soudivizyon sa a dwe baze sou yon chita pale fas-a-fas avèk prizonye a.

(d) *Orè.* Chak etablisman dwe respekte orè fèmen deyò li epi distribiye li bay tout prizonye oswa tout pòs ki nan chak espas lojman, ak tou lè pandan chak peryòd fèmen deyò kote prizonye yo ka itilize opsyon paragraf (c)(1) soudivizyon sa a prevwa.

## § 1-06 Lwazi.

(a) *Règleman.* Lwazi a esansyèl pou yon bon sante epi li kontribiye nan bese tansyon anndan yon etablisman. Yo dwe bay prizonye yo opòtinite ki adekwa pou lwazi anndan ak deyò.

(b) *Espas lwazi yo.* Chak etablisman dwe tabli ak antretni plizyè espas lwazi anndan ak deyò ki gen gwochè ase pou satisfè egzijans ki nan seksyon sa a. Yon zòn lwazi deyò dwe bay aksè dirèk ak limye solèy epi lè.

(c) *Orè pou lwazi.* Peryòd lwazi yo dwe dire omwen inèdtan; se sèlman tan prizonye a pase nan espas lwazi a ki dwe konte nan lè a. Lwazi a dwe disponib sèt jou sèt nan espas lwazi deyò a, esepte lè gen move tan kote yo dwe itilize espas lwazi deyò a.

(d) *Ekipman pou lwazi.*

(1) Depatman an dwe rann disponib pou prizonye yo yon kantite ekipman adekwa pandan peryòd lwazi a.

(2) Sou demann, chak etablisman dwe bay prizonye yo rad pou yo mete sou yo deyò ki nan bon eta, tankou manto, chapo ak gan, lè y ap patisipe nan aktivite lwazi deyò lè gen fredi oswa imidite.

(e) *Lwazi anndan espas lojman an.*

(1) Yo dwe kite prizonye yo patisipe nan aktivite lwazi anndan koridò selil yo ak graden yo, sal komin yo ak inite lojman endividyle yo. Lwazi sa a se ka, men gen toujou:

- (i) jwèt sou tab;
- (ii) pwogram egzèsis; ak
- (iii) aktivite atistik ak aktivite atizanal.

(2) Aktivite lwazi k ap fèt anndan koridò selil yo ak graden yo, sal komin yo ak inite lojman endividyle yo dwe konplete egzijans soudivizyon (c) ki nan seksyon sa a, men yo pa satisfè egzijans yo.

(f) *Lwazi pou prizonye ki nan inite ki la pou prizonye ki soufri maladi kontajye yo.* Nan plas aktivite lwazi deyò selil la, Depatman an, nan chita pale avèk pwofesyonèl swen sante yo, ka bay prizonye ki fèmen pou rezon medikal nan inite ki la pou prizonye ki soufri maladi kontajye yo ekipman ak materyèl lwazi ki apwopriye pou aktivite lwazi nan selil. Fòk Depatman an bay prizonye sa yo aksè chak jou ak publikasyon yo, tankou jounal, liv ak magazin, yo dwe rann disponib nan sis (6) lang prizonye yo plis pale yo.

(g) *Lwazi pou prizonye ki nan izolman yo.* Yo dwe otorize prizonye yo fèmen nan detansyon sere oswa izolman kòm pinisyon yo pran lwazi yo konfòmeman ak dispozisyon soudivizyon (c) ki nan seksyon sa a.

(h) *Limit nan aksè ak lwazi.* Yo ka refize aksè yon prizonye genyen ak lwazi pandan senk (5) jou maksimòm sèlman apre yo fin deklare li koupab yon enfraksyon akoz move konpòtman sou chemen pou li ale nan lwazi a, soti nan lwazi a oswa pandan moman lwazi a.

## § 1-07 Relijyon.

(a) *Règleman.* Prizonye yon dwa san limit pou yo kwè nan nenpòt relijyon, e pou yo fè pati nenpòt gwooup oswa òganizasyon relijyon, menm jan tou yo gen dwa pou yo chwazi pa kwè nan okenn relijyon. Yon prizonye ka chanje afilyasyon relijye li.

(b) *Egzèsis kwayans relije.*

(1) Prizonye yo gen dwa pou yo egzèse kwayans relije nan yon mannyè ki pa reprezante yon danje klè pou sekirite yon etablisman.

(2) Yo pa dwe kite okenn anplwaye oswa reprezantan Depatman an oswa yon pwogram benevòl pwoselitize ni chèche konvèti yon prizonye, ni yo pa dwe fòse ni depèswade yon prizonye pou l egzèse yon kwayans relije.

(3) Yo dwe bay tout prizonye yo menm estati ak pwoteksyon lè y ap egzèse kwayans relije yo sof lè egzèsis kwayans sa a boulvèse woutin etablisman an twòp.

(c) *Rasanble pou aktivite relijyon.*

(1) Konfòmeman ak egzijans soudivizyon (a) ki nan seksyon sa a, yo dwe kite tout prizonye yo rasanble pou yo fè adorasyon ak lòt aktivite relijyon, esepte prizonye ki fèmen pou rezon medikal nan inite ki la pou prizonye ki soufri maladi kontajye yo.

(2) Chak etablisman dwe bay tout prizonye yo aksè ak espas ki apwopriye pou yo rasanble pou yo fè adorasyon ak lòt aktivite relijyon. Konfòmeman ak egzijans paragraf (b)(1) ki nan seksyon sa a, yo dwe rann espas sa a disponib pou prizonye yo selon pratik relijyon yo a.

(d) *Konseye espirityèl.*

(1) Jan yo itilize li nan seksyon sa a, mo "konseye espirityèl" la vle di yon moun ki te resevwa apwobasyon nan men yon otorite relijye konpetan.

(2) Yo dwe kite konseye espirityèl dirije aktivite relijyon ki otorize yo konfòmeman ak soudivizyon (c) ki nan seksyon sa a. Lè pa genyen okenn konseye espirityèl ki disponib, yo ka kite yon mamm nan gwoup relijyon prizonye a dirije aktivite relijyon yo.

(3) Konfòmeman ak egzijans paragraf (b)(1) ki nan seksyon sa a, yo dwe kite prizonye yo fè chita pale an sekrè avèk konseye espirityèl yo pandan peryòd fèmen deyò yo.

(e) *Selebrasyon fèt relijyon oswa festival yo.* Konfòmeman ak egzijans paragraf (b)(1) ki nan seksyon sa a, yo dwe kite prizonye yo selebre fèt relijyon oswa festival yo poukонт yo oswa nan resanble ansanm.

(f) *Lwa sou rejim alimantè nan relijyon.* Prizonye yo gen dwa pou yo obsève lwa sou rejim alimantè oswa jèn relijyon yo a tabli. Chak etablisman dwe bay prizonye yo manje ki ase pou yo kapab respekte lwa sa yo.

(g) *Bagay ki gen pou wè ak relijyon.* Konfòmeman ak egzijans paragraf (b)(1) ki nan seksyon sa a, yo dwe kite prizonye yo mete ak posede meday relijyon oswa lòt bagay ki gen pou wè ak relijyon, tankou rad ak chapo.

(h) *Prizonye nan izolman k ap egzèse kwayans relije.*

(1) Yo pa dwe anpeche prizonye ki fèmen nan izolman administratif oswa izolman kòm pinisyon yo egzèse kwayans relije yo, tankou opòtinite soudivizyon (d) rive nan soudivizyon (g) ki nan seksyon sa a prevwa.

(2) Yo dwe prevwa rasanbleman pou aktivite relijyon prizonye ki nan detansyon sere yo oswa nan izolman kòm pinisyon yo nan kite prizonye sa yo ale nan resanbleman pou aktivite relijyon nan sekirite apwopriye swa ant yo menm swa avèk lòt prizonye yo.

(i) *Rekonesans yon gwoup oswa òganizasyon relijyon.*

(1) Depatman an dwe konsève yon lis ki gen tout gwoup ak òganizasyon relijyon yo li rekonèt yo. Lis sa a dwe nan lang Panyòl ak Anglè e yo dwe distribiye l bay tout prizonye k ap antre yo oswa afiche li nan chak espas lojman.

(2) Chak etablisman dwe konsève yon lis konseye espirityèl, si genyen, pou chak gwoup ak òganizasyon relijyon, epi lè ak kote chak relijyon pral rasanble pou yo òganize sèvis. Lis sa a dwe nan lang Panyòl ak Anglè e yo dwe distribiye l bay tout prizonye k ap antre yo oswa afiche li nan chak espas lojman.

(3) Demann prizonye yo pou yo egzèse kwayans nan yon gwoup oswa òganizasyon relije yo pa t rekonèt anvan dwe fèt bokòte Depatman an.

(4) Nan detèmine demann ki fèt konfòmeman ak paragraf (3) ki nan soudivizyon sa a, yo dwe konsidere faktè sa yo pami lòt kòm faktè ki endike fondasyon relije pou kwayans lan:

(i) si genyen literati enpòtan k ap kore kwayans lan antanke kwayans ki lye ak prensip relijyon;  
(ii) si genyen sèvis adorasyon fòmèl ki òganize yon gwoup koyeran yo rekonèt k ap pataje kwayans lan;

(iii) si genyen yon asosyasyon enfòmèl ki gen moun ki pataje menm pwendvi etik, moral oswa entèlektyèl ki kore kwayans lan; oswa

(iv) si prizonye a kenbe kwayans lan ak tout kè li toutbonvre.

(5) Nan detèmine demann ki fèt konfòmeman ak paragraf (3) ki nan soudivizyon sa a, yo pa dwe konsidere faktè sa yo kòm faktè ki endike yon mank fondasyon relije pou kwayans lan:

- (i) se yon ti kantite moun ki kenbe kwayans lan;
- (ii) kwayans lan fenk kreye;
- (iii) kwayans lan pa baze sou konsèp yon Èt Siprèm oswa ekivalan li; oswa
- (iv) kwayans lan pa popilè oswa li bay tèt chaje.

(6) Nan detèmine demann ki fèt konfòmeman ak paragraf (3) ki nan soudivizyon sa a, yo dwe kite prizonye yo bay prèv ki endike yon fondasyon relije pou kwayans lan.

(7) Pwosedi yo esplike nan paragraf (1) ak paragraf (3) ki nan soudivizyon sa a dwe aplike lè yo refize demann yon prizonye fè konfòmeman ak paragraf (i)(3) ki nan soudivizyon sa a.

(j) *Limit nan egzèsis kwayans relije.*

(1) Yo dwe pran tout desizyon pou limite yon prizonye nan egzèsis kwayans relije li alekri, epi desizyon an dwe bay enfòmasyon ak rezon espesifik ki alabaz desizyon sa a. Yo dwe voye yon kopí desizyon sa a ansanm ak pwosedi apèl la bay Konsèy Administrasyon an epi bay nenpòt moun desizyon an touche nan yon delè 24 èdtan apre desizyon an.

(2) Fòk desizyon an baze sou zak espesifik prizonye a komèt pandan l ap egzèse relije ki montre li se yon menas dirèk ki grav pou sekirite etablisman an. Anvan desizyon an, fòk yo bay prizonye yon preyavi alekri sou akizasyon espesifik ak non epi deklarasyon pati yo akize yo, epi ba yo opòtinite pou yo reponn.

(3) Nenpòt moun yon desizyon ki pran konfòmeman ak soudivizyon sa a touche ka konteste desizyon sa a bòkote Konsèy Administrasyon an.

(i) Moun desizyon an touche a dwe bay Konsèy Administrasyon an ak Depatman an yon avi alekri sou entansyon l pou l konteste desizyon an.

(ii) Depatman an ak nenpòt moun desizyon an touche ka soumèt nenpòt dokiman enpòtan anplis desizyon alekri a bay Konsèy Administrasyon an pou li analize li.

(iii) Konsèy Administrasyon an oswa reprezantan li an dwe bay yon dezisyon alekri sou kontestasyon an nan yon delè 14 jou ouvrab apre l fin resevwa avi pou analiz yo mande a.

## § 1-08 Aksè ak Tribunal ak Sèvis Jiridik.

(a) *Règleman.* Prizonye yo gen pou yo jwenn aksè ak tribunal, avoka, asistan jiridik ak dokiman jiridik yo.

(b) *Pwosedi jidisyè ak pwosedi administratif.*

(1) Yo pa dwe limite prizonye yo nan komunikasyon yo genyen avèk tribunal yo oswa ajans administratif ki konsène swa pwosedi kriminèl oswa pwosedi sivil, sof si yon tribal pase lòd pou sa.

(2) Yo dwe bay prizonye ki pwograme pou yo parèt devan tribunal oswa ajans administratif yo sèvis transpò atan. Fòk machin yo itilize pou transpòte prizonye yo satisfè tout egzijans nan zafè sekirite ak enspeksyon ki an vigè yo epi bay vantilasyon, ekleraj ak konfò adekwa.

(c) *Aksè ak konseye jiridik.*

(1) Yo pa dwe limite prizonye yo nan komunikasyon yo genyen avèk avoka yo. Paske yon avoka reprezante yon prizonye, sa pa dwe rezon pou yo anpeche li kominike avèk lòt avoka yo. Nenpòt avoka yo byen idantife ka vizite nenpòt prizonye avèk konsantman prizonye a.

(i) Yo ka egzije yon avoka pou li montre yon responsab ki deziyen nan biwo sentral Depatman an yon pyès idantite pou l kapab jwenn yon lèsepase etablisman an. Lèsepase sa a pral pèmèt avoka a vizite nenpòt prizonye ki nan detansyon nan Depatman an.

(ii) Depatman an ka egzije sèlman pyès idantite avoka a genyen nòmalman.

(2) Depatman an ka limite vizit yon avoka ki enskri nan dosye a oswa yon avoka ki gen yon avi tribal la pou prizonye k ap sibi yon egzamen pou konpetans yo konfòmeman ak òdonans tribal la.

(3) Yo dwe kenbe vizit ant prizonye yo ak avoka yo sekrè epi anba pwoteksyon, konfòmeman ak dispozisyon ki nan 40 RCNY § 1-09. Yo dwe otorize vizit legal yo pandan omwen uitèdtan pa jou ant 8 è am e 8 è pm. Pandan jou ouvrab yo, kat (4) nan èdtan sa yo dwe soti 8 è am rive 10 è am, epi soti 6 è pm rive 8 è pm. Depatman an dwe konsève epi afiche orè lè vizit legal nan chak etablisman.

(4) Yo pa dwe retade, li oswa anpeche kourye ant prizonye yo ak avoka yo nan okenn mannyè, sof jan sa prevwa nan 40 RCNY § 1-11.

(5) Yo dwe kenbe komunikasyon nan telefòn ant prizonye yo ak avoka yo sekrè epi anba pwoteksyon, konfòmeman ak dispozisyon ki nan 40 RCNY § 1-10.

(d) *Aksè ak ko-akize.* Sou demann rezonab, yo dwe otorize vizit regilye ant yon detni ak tout ko-akize li yo ki bay konsantman yo pou fè vizit sa yo. Si youn nan ko-akize yo fèmen nan prizon, Depatman an ka

egzije pou yon avoka ki enskri nan dosye la epi yo dwe itilize telekonferans, si li disponib.

(e) *Asistan jiridik yo.*

(1) Yo dwe kite etidyan dwa yo, parapwofesyonèl dwa yo ak lòt asistan jiridik k ap travay anba sipèvizon yon avoka ki reprezante yon prizonye kominike avèk yon prizonye nan kourye, nan telefòn ak nan vizit pèsònèl, nan menm nivo a ak menm kondisyon yon avoka ka fè li pou li reprezante prizonye a. Yo dwe kite etidyan dwa yo, parapwofesyonèl dwa yo ak lòt asistan jiridik k ap travay anba sipèvizon yon avoka yon prizonye kontakte kominike avèk prizonye sa a nan kourye, nan telefòn ak nan vizit pèsònèl, nan menm nivo a ak menm kondisyon yon avoka ka fè li pou li reprezante prizonye a.

(i) Yo ka egzije yon asistan jiridik pou li montre yon responsab ki deziyen nan biwo sentral Depatman an yon lèt idantifikasyon avoka a pou l kapab jwenn yon lèsepase etablisman an. Yo pa dwe refize yon lèsepase poutèt okenn nan rezon ki liste nan 40 RCNY § 1-09(h)(1).

(3) Lèsepase a dwe pèmèt asistan jiridik la egzèse fonksyon ki liste nan soudivizyon (e) ki nan seksyon sa a. Yo ka anile li si zak espesifik asistan jiridik la komèt yo montre li se yon menas pou sekirite yon etablisman. Fòk yo pran desizyon sa a konfòmeman ak egzijans pwosédiral paragraf (2), paragraf (4) ak paragraf (5) ki nan soudivizyon (h) nan 40 RCNY § 1-09.

(f) *Bibliyotèk Dwa yo.* Chak etablisman dwe genyen yon bibliyotèk dwa ki gen anpil bon liv dwa ak yon pèsònèl ki djanm.

(1) Bibliyotèk dwa a dwe yon kote ki separe ki pa gen anpil bri ak aktivite epi ki gen ase espas ak ekleraj pou pèmèt rechèch dirab.

(2) Chak bibliyotèk dwa dwe louvri pou pandan yon minimòm senk (5) jou pa semenn ki gen ladan omwen yon jou wiken. Chak jou bibliyotèk dwa a ouvè:

(i) nan etablisman ki gen plis pase 600 prizonye yo, chak bibliyotèk dwa dwe fonksyone pandan yon minimòm dizèdtan, uitèdtan ladan yo dwe pandan lè fèmen deyò yo;

(ii) nan etablisman ki gen plis pase 600 prizonye oswa mwens yo, chak bibliyotèk dwa dwe fonksyone pandan yon minimòm uitèdtan edmi, omwen sizèdtan edmi ladan yo dwe pandan lè fèmen deyò yo;

(iii) nan tout etablisman yo, bibliyotèk dwa a dwe fonksyone pandan omwen twazèdtan ant 6è pm e 10è pm, ak

(iv) yo pral kite bibliyotèk dwa a ouvè pou prizonye yo itilize pandan tout jou ferye ki tonbe nan jou regilye bibliyotèk dwa a louvri yo sof Joudlan, 4 jiyè, Jou aksyon de gras, ak fèt Nwèl. Bibliyotèk dwa a ka fèmen jou ferye ki pa jou yo espesifye yo si yo bay sèvis bibliyotèk dwa yo pandan youn oswa lòt jou nan de (2) jou nan menm semenn bibliyotèk dwa a nòmalman fèmen. Jou ferye yo kite bibliyotèk dwa a ouvè yo, li dwe fonksyone pandan omwen uitèdtan. Yo pa dwe fè okenn chanzman nan orè bibliyotèk dwa a san voye yon avi alekri bay Board of Correction lan, e yo dwe resevwa avi a omwen senk (5) jou ouvrab anvan yo fè chanzman ki planifye a (yo).

(3) Yo dwe ranje orè bibliyotèk dwa a yon fason pou l bay prizonye yo aksè pandan moman nan jounen yo kote yo pa pwograme lòt aktivite tankou Iwazi, boutik, repa, lekòl, apèl maladi, elatriye. Lè yo pa kapab fè konsiderasyon sa yo, yo dwe bay prizonye yo yon lòt opòtinite pou yo ale nan bibliyotèk dwa a nan pita nan jounen an.

(4) Yo dwe bay chak prizonye aksè ak bibliyotèk dwa pandan yon peryòd ki dire omwen dezèdtan pa jou chak jou bibliyotèk dwa a ouvè. Sou demann, yo ka bay plis tan si sa nesesè, si espas ak tan an pèmèt li. Lè yo bay plis tan, yo dwe prioyorize prizonye ki gen bezwen plis tan yo, tankou prizonye ki nan pwosè yo ak prizonye ki gen yon delè tribal la fikse k ap pwoche.

(5) Malgre dispozisyon ki nan paragraf (f)(4) la, yo ka refize prizonye yo mete, pou rezon medikal, nan inite ki la pou prizonye ki soufri maladi kontajye yo aksè ak bibliyotèk dwa a. Yo dwe tabli yon lòt metòd aksè ak dokiman jiridik yo pou pèmèt rechèch jiridik ki efikas.

(6) Yo ka redui oswa eliminate èdtan bibliyotèk dwa yo pou prizonye ki nan izolman kòm pinisyon yo oswa nan lojman kote siveyans lan amelyore yo si yo tabli yon lòt metòd aksè ak dokiman jiridik yo pou pèmèt rechèch jiridik ki efikas.

(7) Yo dwe fè kou sou rechèch jiridik pou prizonye yo an jeneral nan chak etablisman omwen chak twa mwa. Yo dwe rann dokiman fòmasyon sou rechèch jiridik yo disponib pou prizonye ki nan lojman espesyal yo sou demann.

(8) Depatman an dwe bay Konsèy Administrasyon an yon rapò anyèl ki detaye resous ki disponib nan bibliyotèk dwa ki nan chak etablisman, ak tou yon lis tit ak dat tout liv ak peryòdik ki pale sou dwa yo epi nimewo, kalifikasyon ak kantite èdtan asistan legal ki pale anglè ak panyòl yo.

(g) *Dokiman ak materyèl jiridik yo.*

(1) Chak bibliyotèk dwa dwe genyen dokiman referans ak dokiman rechèch nesesè yo dwe kenbe ajou epi konplete yon fason ki apwopriye, e yo dwe ranplase dokiman yo san twòp reta lè yo manke oswa andomaje.

(2) Prizonye yo dwe gen aksè rezonab ak machin a ekri, lojisyèl tretman tèks ak aparèy fotokopi pou yo prepare dokiman jiridik yo. Yo pral bay yon kantite machin a ekri, lojisyèl tretman tèks ak machin fotokopi ki ase pou prizonye yo itilize.

(3) Yo dwe rann materyèl biwo yo, tankou plim, papye fòma legal ak blòk nòt yo disponib pou prizonye yo achte. Depatman an dwe fè depans pou l achte materyèl biwo sa yo bay prizonye endijan yo.

(4) Yo dwe rann fòm legal ki pa make prizonye yo souvan itilize yo disponib. Yo dwe kite chak prizonye itilize oswa fè kopi fòm sa yo pou pwòp itilizasyon pa li.

(h) *Manm pèsònèl bibliyotèk dwa.*

(1) Pandan tout èdtan fonksyònman yo, chak bibliyotèk dwa dwe gen youn oswa plizyè kòdonatè jiridik sivil ki fòme pou ede prizonye yo nan preparasyon dokiman jiridik yo. Yo dwe asire ranplasman kòdonatè jiridik la pandan absans pwolonje kòdonatè jiridik ki afekte a (yo).

(2) Chak bibliyotèk dwa dwe gen yon kantite ajan koreksyon adekwa ki byen konnen tout pwosedi bibliyotèk dwa a epi ki afekte an pèmanans.

(3) Anplwaye ki pale panyòl byen yo dwe bay prizonye ki pale panyòl yo èd pou yo itilize bibliyotèk dwa lè sa nesesè.

(i) *Kantite dokiman jiridik ak dokiman rechèch.*

(1) Yo dwe kite prizonye yo achte ak resevwa liv ki pale sou dwa yo ak lòt dokiman rechèch jiridik nan men nenpòt moun.

(2) Yo ka adopte règlementasyon rezonab ki rejì konsèvasyon dokiman yo nan selil yo ak fouy nan selil yo, men nan okenn sikostans, pèsònèl koreksyonèl la pa ka ni li ni sezi dokiman jiridik, liv ak papye prizonye yosan yon manda lejitim. Lè espas nan yon selil limite, yon lòt metòd pou byen konsève dokiman jiridik yo yon lòt kote nan etablisman an nesesè, akondisyon yon prizonye dwe genyen aksè regilye ak dokiman sa yo.

(j) *Limit aksè ak bibliyotèk dwa.*

(1) Yo ka retire yon prizonye nan bibliyotèk dwa a si li anpeche bon fonksyònman bibliyotèk dwa a oswa si li pa itilize li pou rezon yo prevwa yo. Yo ka mete yon prizonye deyò nan bibliyotèk dwa a pou plis pase rès yon peryòd li nan bibliyotèk dwa a sèlman pou yon enfraksyon disiplin ki rive nan espas bibliyotèk dwa a.

(2) Yo dwe pran tout desizyon pou limite dwa aksè yon prizonye ak bibliyotèk dwa a alekri, epi desizyon an dwe bay enfòmasyon ak rezon espesifik ki alabaz desizyon sa a. Yo dwe voye yon kopi desizyon sa a ansanm ak pwosedi apèl la bay Konsèy Administrasyon an epi bay nenpòt moun desizyon an touche nan yon delè 24 èdtan apre desizyon an.

(3) Yo dwe tabli yon lòt metòd aksè ak dokiman jiridik yo pou pèmèt rechèch jiridik ki efikas pou nenpòt prizonye yo mete deyò nan bibliyotèk dwa a. Yon kòdonatè jiridik dwe vizite nenpòt prizonye yo mete deyò pou l detèmine bezwen prizonye genyen yo pou bibliyotèk dwa a sou demann.

(4) Nenpòt moun yon desizyon ki pran daprè soudivizyon sa a (j) afekte ka konsteste desizyon sa a bòkote Konsèy Administrasyon an.

(i) Moun desizyon an afekte a dwe bay Konsèy Administrasyon an ak Depatman an yon preyavi alekri sou entansyon l pou l konteste desizyon an.

(ii) Depatman an ak nenpòt moun desizyon an touche ka soumèt nenpòt dokiman enpòtan anplis desizyon alekri a bay Konsèy Administrasyon an pou li analize li.

(iii) Konsèy Administrasyon an oswa reprezantan li an dwe bay yon dezisyon alekri sou kontestasyon an nan yon delè senk (5) jou ouvrab apre l fin resevwa preyavi pou analiz yo mande a.

## § 1-09 Vizit.

(a) *Règleman.* Tout prizonye yo gen dwa pou yo resevwa yon kantite vizit pèsònèl ki long ase. Kenbe liyan pèsònèl avèk rezo sosyal yo ak rezo fanmi yo epi sistèm sipò yo enpòtan anpil pou amelyore rezulta alafwa pandan detansyon an ak lè prizonye a rantre ankò. Pase tan avèk zanmi ak fanmi jwe yon wòl enpòtan nan kapasite yon prizonye pou l kenbe liyan sa yo e se sa k fè Depatman an ta dwe ankouraje ak rann sa fasil. Anplis, Konsey Administrasyon an rekonèt fanmi yon prizonye ka pa limite ak moun ki lye ak prizonye a nan san oswa liyan lalwa rekonèt yo, tankou maryaj oswa adopsyon. Kidonk, yo ta dwe entèprete mo "fanmi" an jan yo itilize l nan sibdivizyon sa a jeneralman pou l reflete divèsite estrikti familyal yo ak pakèt relasyon ki ka byen konekte yon prizonye ak lòt moun yo. Sa ta dwe gen ladan, pa

egzanp, men ka gen toujou: mennaj; parenn oswa maren ak fiyèl; bòpè oswa bèlmè kounye a ak ansyen bòpè oswa bèlmè, timoun, ak frè ak sè; ak moun ki lye ak prizonye a gras ak relasyon nan kay kounye a oswa ansyen relasyon nan kay, akò pou fanmi akèy, inyon sivil oswa plasaj nan kay.

(b) *Espas pou vizit ak espas sal datant yo.*

(1) Yo dwe tabli ak antretni plizyè espas pou vizit ki gen gwozè ase pou satisfè egzijans ki nan seksyon sa a nan chak etablisman.

(2) Yo dwe kreye espas pou vizit la yon fason pou I pèmèt kontak fèt ant prizonye yo ak vizitè yo jan souvidizyon (f) ki nan seksyon sa a egzije li.

(3) Depatman an dwe fè tout jefò pou I diminye tan atant lan anvan yon vizit. Yo pa dwe egzije vizitè yo pou yo rete tann deyò etablisman an sof si yo bay abri adekwa epi yo satisfè egzijans paragrap (b)(4) yo ki nan seksyon sa a.

(4) Tout espas sal datant ak espas pou vizit yo dwe bay vizitè yo omwen konfò minimal, tankou men gen toujou:

(i) chèz ki ase pou tout vizitè yo;

(ii) aksè ak enstalasyon twalèt ak dlo potab pandan tout moman atant lan ak moman vizit yo;

(iii) aksè ak distribitè otomatik pou bwason ak manje yon moman done pandan moman atant lan oswa moman vizit la; ak

(iv) aksè ak yon anplwaye oswa yon benevòl ki pale panyòl yon moman done pandan moman atant lan oswa moman vizit la. Yo dwe afiche tout règ, règleman ak lè vizit yo klè ann anglè ak panyòl nan espas sal datant lan ak espas pou vizit la nan chak etablisman.

(5) Depatman an dwe fè tout jefò pou I itilize espas deyò pou vizit yo pandan mwa chalè yo.

(c) *Orè pou vizit.*

(1) Yo ka chanje lè vizit yo pou yo adapte yo ak orè moun ki nan etablisman yo men fòk yo satisfè minimòm egzijans sa yo pou detni yo:

(i) Lendi rive vandredi. Yo dwe otorize vizit omwen twa (3) jou pandan omwen twazèdtan youn deyè lòt ant 9è am e 5è pm. Yo dwe otorize vizit omwen de (2) sware pandan omwen twazèdtan youn dèyè lòt an 6è pm e 10è pm.

(ii) Samdi rive dimanch. Yo dwe otorize vizit toude jou yo pandan omwen senkèdtan youn deyè lòt ant 9è am e 8è pm.

(2) Yo ka chanje lè vizit yo pou yo adapte yo ak orè moun ki nan etablisman yo men fòk yo satisfè minimòm egzijans sa yo pou prizonye yo:

(i) Lendi rive vandredi. Yo dwe otorize vizit omwen yon sware pandan omwen twazèdtan youn deyè lòt ant 6è am e 10è pm.

(ii) Samdi rive dimanch. Yo dwe otorize vizit toude jou yo pandan omwen senkèdtan youn deyè lòt ant 9è am e 8è pm.

(3) Orè pou vizit chak etablisman dwe disponib lè w kontakte swa biwo santral Depatman an oswa etablisman an.

(4) Vizit yo dwe dire omwen inèdtan. Delè sa a pa dwe kòmanse jiskaske prizonye a ak vizitè a rankontre nan sal pou vizit la.

(5) Prizonye kondane yo gen dwa ak omwen de (2) vizit pa semenn avèk omwen yon vizit pandan yon sware oswa nan wikenn, jan prizonye kondane a vle. Detni yo gen dwa ak omwen twa (3) vizit pa semenn avèk omwen yon vizit pandan yon sware oswa nan wikenn, jan detni an vle. Vizit moun k ap bay sèvis oswa èd ki idantife kòmsadwa, tankou avoka yo, doktè yo, konseye espirityèl yo, fonksyonè yo, terapet yo, konseye yo ak reprezantan medya yo, pa dwe konte nan kantite sa a.

(6) Pa dwe genyen okenn limit pou kantite vizit yon vizitè patikilye fè oswa kategori vizitè yo fè.

(7) Anplis kantite minimòm vizit paragrap (1), (2) ak (5) ki nan sibdivizyon sa a egzije, yo dwe bay plis vizit nan ka kote gen nesesite espesyal yo, tankou men gen toujou, sitiyasyon ijans yo ak moman vwayaj long yo.

(8) Yo dwe kite prizonye yo pase tan avèk omwen twa (3) vizitè an menm tan, avèk kantite maksimòm etablisman an pral detèmine.

(9) Yo dwe kite prizonye yo pase tan avèk omwen de (2) vizitè an menm tan, avèk kantite maksimòm etablisman an pral deside.

(10) Si sa nesesè akoz mank espas, yon etablisman ka limite kantite total moun nan nenpòt gwoup vizitè ak prizonye yo ak kat (4). Yo dwe leve limit sa a nan ka kote gen nesesite espesyal yo, tankou men gen toujou, sitiyasyon ijans yo ak moman vwayaj long yo.

(d) *Premye vizit.*

(1) Chak detni dwe gen dwa pou l resevwa yon vizit san kontak nan yon delè 24 èdtan apre l fin antre nan etablisman.

(2) Si yon moman vizit ki pwograme daprè paragraf (c)(1) ki nan seksyon sa a pa disponib nan yon delè 24 èdtan apre detni an fin antre, yo dwe pran dispozisyon pou asire yo rann premye vizit soudivizyon sa a egzije a disponib.

(e) *Idantifikasiyon ak enskripsyon vizitè.*

(1) Konfòmeman ak egzijans ki nan sibdivizyon sa a, yo dwe kite nenpòt moun ki idantifye kòmsadwa, avèk konsantman prizonye a, vizite prizonye a.

(i) Anvan yon vizit, yo dwe enfòme yon prizonye sou idantite vizitè k ap vini an.

(ii) Refi yon prizonye pou li rankontre avèk yon vizitè pa dwe afekte dwa prizonye a genyen pou li rankontre avèk nenpòt vizitè pandan peryòd sa a, ni dwa prizonye a genyen pou li rankontre avèk vizitè li refize rankontre a pandan plizyè peryòd youn dèyè lòt.

(2) Yo dwe egzije chak vizitè pou mete nan rejis vizitè etablisman an:

(i) non li;

(ii) adrès li;

(iii) dat la;

(iv) lè li antre a;

(v) non prizonye a oswa prizonye li pral vizite a; ak

(vi) lè li soti a.

(3) Yo dwe egzije nenpòt vizitè k ap vini ki gen mwens pase 16 lane pou l mete, oswa fè yo mete pou li, nan rejis vizitè etablisman an:

(i) enfòmasyon paragraf (2) ki nan sibdivizyon sa a egzije;

(ii) laj li; ak

(iii) non, adrès ak nimewo telefòn paran oswa gadyen legal li an.

(4) Rejis vizitè a dwe sekre, epi manm pèsonèl ki pa nan Depatman an pa dwe ni li ni revele enfòmasyon ki gen ladan l yo esepte jan manman lwa vil la prevwa sa oswa daprè yon demann espesifik yon òganis ofisyèl ki responsab pou fè aplike lwa fè. Depatman an dwe konsève yon dosye pou tout demann sa yo ki gen deskripsiyon detaye ki konplè.

(5) Yo ka egzije yon vizitè k ap vini ki gen mwens pase 16 lane pou yon moun ki gen 18 lane oswa plis akonpaye li, epi bay yon pèmisyon aloral oswa alekri ki soti nan men yon paran oswa yon gadyen legal ki apwouye vizit sa a anvan li vizite yon prizonye.

(6) Depatman an ka adopte lòt pwosedi pou vizit moun ki gen mwens pase 16 lane yo ap fè. Fòk pwosedi sa yo kadre avèk règleman paragraf (e) (5) ki nan sibdivizyon sa a, epi yo dwe soumèt yo bay Konsèy Administrasyon an pou li apwouye yo.

(f) *Vizit kontak yo.* Yo dwe otorize kontak kò a kò ant chak prizonye ak tout vizitè prizonye a. Kontak kò a kò yo otorize a dwe gen ladan yon ti akolad ak bo ant prizonye a ak vizitè a nan kòmansman ak fen moman vizit la. Yo dwe kite prizonye a kenbe timoun ki nan fanmi li ki gen katòz (14) lane e mwens pandan tout moman vizit la, akondisyon Depatman an ka limite kantite kenbe timoun prizonye a ap fè ak yon sèl timoun alafwa. Anplis, yo dwe kite prizonye yo kenbe men avèk vizitè yo pandan tout moman vizit la, sa Depatman an ka limite ak kenbe men sou yon mi separasyon ki pa pi plis pase sis (6) pou. Dispozisyon ki nan seksyon sa a yo pa aplikab pou prizonye ye mete rezon medikal nan inite ki la pou prizonye ki soufri maladi kontajye yo. Depatman an ka enpoze kèk limit nan vizit kontak pou prizonye ki fèmen nan lojman kote siveyans lan amelyore konfòmeman ak pwosedi epi enstriksyon yo prezante nan 40 RCNY § 1-16.

(g) *Sekirite ak siveyans pandan vizit.*

(1) Anvan ak apre chak vizit, yo ka fouye tout prizonye yo sèlman pou asire yo pa gen okenn bagay kontrebann sou yo.

(2) Yo ka fouye tout vizite k ap vini anvan yon vizit sèlman pou asire yo pa gen okenn bagay kontrebann sou yo.

(3) Yo dwe fouye nenpòt vizitè k ap vini konfòmeman ak paragraf (2) ki nan soudivizyon sa a sèlman gras ak itilizasyon aparèy deteksyon elektwonik. Anyen ki ladan l pwa dwe afekte otorite yon pèsonèl koreksyonèl genyen konfòmeman ak lalwa.

(4) Yo ka fouye oswa verifye bagay yon vizitè k ap vini posede, tankou men gen toujou, valiz oswa pake. Yon vizitè ka mete sou li zafè pèsonèl, tankou bag maryaj ak meday reliyon ak rad pandan yon vizit. Depatman an ka egzije yon vizitè k ap vini pou l fèmen afè li yo, tankou men gen toujou valiz, rad ak aparèy elektwonik nan yon kazyè ki kapab lòk. Yo ka retade oswa refize yon vizitè akoz yon kazyè ki

kapab lòk ki pa disponib.

(5) Yo dwe fè siveyans pandan vizit yo sèlman pou asire yo kenbe etablisman an an sekirite.

(6) Yo pa dwe ni koute ni suiv vizit yo sof si yo jwenn yon manda lejitim, menm si yo ta dwe kontinye fè siveyans ak je a.

(h) *Restriksyon nan dwa vizit.*

(1) Yo ka refize, retire oswa limite dwa vizit yon prizonye genyen avèk yon vizitè patikilye sèlman lè yo deside egzèsis dwa sa yo se yon gwo menas pou sekirite yon etablisman, akondisyon yo ka refize dwa vizit avèk yon vizitè patikilye sèlman si retire dwa pou vizit kontak yo pa t ap sifi pou diminye menas la.

Fòk desizyon sa a baze sou zak espesifik vizitè a komèt yo pandan yon vizit anvan nan yon etablisman ki montre vizitè a se yon menas pou sekirite yon etablisman, oswa sou enfòmasyon espesifik yo resevwa ki verifye ki di vizitè a gen plan pou l fè zak pandan pwochen vizit lan ki pral reprezante yon menas pou sekirite etablisman an. Anvan desizyon an, fòk yo bay vizitè a yon preyavi alekri sou akizasyon espesifik ak non epi deklarasyon pati yo akize yo, epi ba yo opòtinite pou yo reponn. Yo ka pa di non enfòmatè a si sa nesesè pou pwoteje sekirite li.

(2) Jan sa prevwa nan soudivizyon (f) ki nan seksyon sa a, yo ka refize, retire oswa limite dwa ak vizit kontak yon prizonye genyen sèlman lè yo deside vizit sa yo se yon gwo menas pou sekirite yon etablisman. Si yo pran yon desizyon pou refize, retire oswa limite dwa ak vizit kontak yon prizonye genyen nan mannyè nòmal la, yo dwe pran lòt dispozisyon pou bay prizonye a kantite vizit nesesè, tankou men gen toujou, vizit san kontak yo.

Fòk desizyon sa a baze sou zak espesifik prizonye a komèt yo pandan li nan detansyon anba akizasyon oswa pèn aktyèl la ki montre prizonye a se yon menas pou sekirite yon etablisman, oswa sou enfòmasyon espesifik yo resevwa ki verifye ki di prizonye a gen plan pou l fè zak pandan pwochen vizit lan ki pral reprezante yon menas pou sekirite etablisman an. Anvan desizyon an, fòk yo bay prizonye a yon preyavi alekri sou akizasyon espesifik ak non epi deklarasyon pati yo akize yo, epi ba yo opòtinite pou yo reponn. Yo ka pa di non enfòmatè a si sa nesesè pou pwoteje sekirite li.

(3) Fòk yo adapte restriksyon sou dwa vizit yo ak menas prizonye a oswa vizitè k ap vini an poze a epi li pa dwe depase limit ki nesesè a pou fè fas ak menas sa a.

(4) Yo pa dwe refize, retire, limite oswa anpeche dwa vizit yon prizonye oswa yon vizitè k ap vini genyen yo poutèt:

- (i) sèks;
- (ii) oryantasyon seksyèl;
- (iii) ras;
- (iv) laj sof si jan prevwa yon lòt mannyè nan seksyon sa a;
- (v) nasyonalite;
- (vi) konviksyon politik;
- (vii) relijyon;
- (viii) kazyè jidisye;
- (ix) dosye kriminèl oswa sivil;
- (x) mank relasyon avèk fanmi;
- (xi) jan, ak tou idantite jan, pwòp imaj li; aparans, konpòtman oswa fason pale; oswa
- (xii) andikap

(5) Tout desizyon pou refize, retire oswa limite dwa vizit yon prizonye genyen konfòmeman ak paragraf (1)ak paragraf (2) ki nan soudivizyon sa a dwe alekri epi li dwe bay enfòmasyon ak rezon espesifik ki alabaz desizyon sa a. Yo dwe voye yon kopi desizyon sa a ansanm ak yon deskripsiyan pwosedi kontestasyon an bay Konsèy Administrasyon an epi bay nenpòt moun desizyon an touche nan yon delè 24 èdtan apre desizyon an.

(i) *Pwosedi konstestasyon pou restriksyon vizit yo.*

(1) Nenpòt moun desizyon Depatman an pran pou l refize, retire oswa limite aksè ak vizit la touche ka konsteste desizyon sa a bòkote Konsèy Administrasyon an, konfòmeman ak pwosedi sa yo:

(i) Moun desizyon an touche a dwe bay Konsèy Administrasyon an ak Depatman an yon avi alekri sou entansyon pou l konteste desizyon an.

(ii) Depatman an ak nenpòt moun desizyon an touche ka soumèt nenpòt dokiman enpòtan anplis desizyon alekri a bay Konsèy Administrasyon an pou li analize li.

(iii) Konsèy Administrasyon an oswa reprezantan li an dwe bay yon dezisyon alekri sou kontestasyon an nan yon delè senk (5) jou ouvrab apre l fin resevwa avi pou analiz yo mande a, ki di si yo te konfime desizyon sou vizit la, retounen sou li oswa chanje li.

(iv) Lè genyen rezon valab pou pwolonje delè kote Konsèy Administrasyon an oswa reprezantan an ka bay yon desizyon alekri ki depase senk (5) jou ouvrab, Konsèy Administrasyon an oswa reprezantan an ka bay yon sèl pwolonjman ki pa depase dis (10) jou ouvrab. Nan ka sa yo, Konsèy Administrasyon an dwe avize Depatman an ak nenpòt moun pwolonjman an touche lapoula.

## § 1-10 Apèl Telefòn.

(a) *Règleman*. Prizonye yo gen dwa pou yo fè apèl telefòn yo chak peryòd. Nan chak etablisman, yo dwe enstale yon kantite telefòn ki ase nan espas lojman yo pou satisfè egzijans ki nan seksyon sa a.

(b) *Premye apèl telefòn*. Yo dwe kite chak detni fè yon apèl telefòn lokal lè I ap antre nan etablisman an e se Depatman an ki pou peye pou apèl la. Etablisman an dwe deside demann anplis pou fè apèl telefòn yo nan antre a. Yo dwe fè apèl telefòn long distans yo kòlèk (moun k ap resevwa apèl la ap peye), menm si yo ka pran dispozisyon pou kite prizonye a peye frè apèl sa yo.

(c) *Apèl telefòn pou detni*. Yo dwe kite detni yo fè minimòm yon apèl telefòn chak jou. Depatman an dwe fè depans pou yo bay detni endijan yo twa (3) apèl chak semenn si yo fèt anndan Vil New York. Yo dwe fè apèl long distans yo kòlèk oswa detni an peye pou yo.

(d) *Apèl telefòn pou prizonye kondane yo*. Yo dwe kite prizonye kondane yo fè minimòm de (2) apèl telefòn chak semenn. Depatman an dwe fè depans pou yo bay prizonye kondane endijan fè apèl sa yo si yo fèt anndan Vil New York. Yo dwe fè apèl long distans yo kòlèk oswa prizonye kondane a peye pou yo.

(e) *Dire apèl telefòn yo*. Depatman an dwe otorize apèl telefòn ki dire omwen sis (6) minit.

(e) *Ore apèl telefòn yo*. Pou satisfè egzijans soudivizyon (c) ak soudivizyon (d) ki nan seksyon sa a, yo dwe otorize apèl telefòn yo pandan tout moman fèmen deyò yo. Yo dwe fè apèl telefòn ijan yo nan yon lè rezonab.

(g) *Apèl telefòn k ap rantre yo*.

(1) Yo dwe kite yon prizonye resevwa apèl telefòn ijan yo, oswa yo dwe pran yon mesaj epi kite prizonye a retounen apèl la pi rapid posib.

(2) Yo dwe kite yon prizonye resevwa apèl telefòn yon avoka li genyen ki enskri nan dosye a nan yon pwosedi sivil oswa kriminèl ki annatant, oswa yo dwe pran yon mesaj epi kite prizonye a retounen apèl la pi rapid posib. Fòk apèl sa yo konsène pwosedi ki annatant lan.

(e) *Siveyans apèl telefòn yo*. Lè y ap emplemante pwosedi ki apwopriye yo, yo ka koute oswa siveye apèl telefòn prizonye yo sèlman lè yo bay yo yon preyavi ki sifi selon lalwa. Yo pa dwe koute ni siveye apèl telefòn ki pral jwenn Board of Correction lan, Enspektè Jeneral la ak lòt òganis siveyans yo, medsen tretan yo, klinisyen yo, avoka yo ak klèje yo.

(i) *Limit sou dwa ak telefòn*.

(1) Yo ka limite dwa nenpòt prizonye genyen ak telefòn sèlman lè yo deside egzèsis dwa sa yo se yon menas pou sekirite etablisman ann oswa yon move itilizasyon règleman alekri sou telefòn prizonye a te konnen anvan.

(i) Fòk desizyon an baze sou zak espesifik prizonye a komèt pandan I ap egzèse dwa li genyen ak telefòn ki montre menas oswa move itilizasyon sa a. Anvan desizyon an, fòk yo bay prizonye a yon preyavi alekri sou akizasyon espesifik ak non epi deklarasyon pati yo akize yo, epi ba yo opòtinite pou yo reponn. Yo ka pa di non yon enfòmatè si sa nesesè pou pwoteje sekirite li.

(ii) Yo dwe pran tout desizyon pou limite dwa yon prizonye genyen ak telefòn alekri, epi li dwe bay enfòmasyon ak rezon espesifik ki alabaz desizyon sa a. Yo dwe voye yon kopi desizyon sa a ansanm ak pwosedi apèl la bay Konsèy Administrasyon an epi bay nenpòt moun desizyon an touche nan yon delè 24 èdtan apre desizyon an.

(2) Yo ka limite dwa ak telefòn yo bay nan soudivizyon (c) ak soudivizyon (d) ki nan seksyon sa a pou prizonye ki nan izolman kòm pinisyon yo, akondisyon yo kite moun sa yo fè minimòm yon apèl telefòn chak jou.

(j) *Kontestasyon*. Nenpòt moun yon desizyon ki pran daprè soudivizyon sa a afekte ka konsteste desizyon sa a bòkote Konsèy Administrasyon an.

(1) Moun desizyon an afekte a dwe bay Konsèy Administrasyon an ak Depatman an yon preyavi alekri sou entansyon I pou I konteste desizyon an.

(2) Depatman an ak nenpòt moun desizyon an afekte ka soumèt nenpòt dokiman enpòtan anplis desizyon alekri a bay Konsèy Administrasyon an pou li analize li.

(3) Konsèy Administrasyon an oswa reprezantan li an dwe bay yon dezisyon alekri sou kontestasyon an nan yon delè senk (5) jou ouvrab apre I fin resevwa preyavi pou analiz yo mande a.

## **§ 1-11 Korespondans.**

(a) *Règleman*. Prizonye yo gen dwa pou yo ekri avèk nenpòt moun, esepte lè yo kwè ak rezon limit lan nesesè pou pwoteje sekirite piblik oswa pou kenbe lòd ak sekirite nan etablisman an. Depatman an dwe tabli pwosedi ki apwopriye yo pou aplike règleman sa a. Yo pa dwe konsidere korespondans lan tankou se yon menas pou sekirite yon etablisman an sèlman paske li kritikè yon etablisman, manm pèsonèl li oswa sistèm koreksyonèl la oswa li kore lide ki pa popilè, tankou lide manm pèsonèl etablisman an konsidere ki pa ankouraje trètman pandan retablisman an oswa koreksyon an. Depatman an dwe bay tout prizonye yo yon preyavi ki konsène règleman sa a.

(b) *Kantite ak lang*.

(1) Pa dwe genyen okenn restriksyon sou korespondans k ap ranntre oswa k ap soti pou prizonye a poutèt swa kantite korespondans li voye oswa resevwa a oswa poutèt nan lang korespondans lan ekri a.

(2) Si yon prizonye pa kapab ni li ni li, li ka resevwa èd avèk korespondans lan nan men lòt moun, tankou men genyen toujou, anplwaye etablisman yo ak prizonye yo.

(c) *Korespondans k ap soti yo*.

(1) Chak etablisman dwe fè depans pou li rann disponib pou prizonye endijan yo papye pou ekri lèt ak temn pou tout lèt ki pral jwenn avoka yo, tribunal yo, terapet yo, ak de (2) lòt lèt chak semenn.

(2) Chak etablisman dwe rann papye pou ekri lèt ak temn disponib pou prizonye yo achte.

(3) Korespondans yon prizonye ap voye deyò dwe genyen non moun k ap voye li an ak swa bwat postal etablisman an oswa adrès ri a swa adrès kay moun k ap voye li a anlè nan kwen goch anvlop la.

(4) Prizonye a dwe katche korespondans l ap voye deyò a epi depoze l nan bwat kourye ki lòk yo.

(5) Yo dwe voye tout korespondans prizonye a voye deyò bay Sèvis Lapòs Etazini omwen yon fwa chak jou ouvrab.

(6) Yo pa dwe ni louvri ni li korespondans prizonye a voye deyò ki pa privileje sof si gen yon manda pèkizyon legal oswa òdonans alekri ki soti nan men chèf prizon an ki bay rezon valab pou moun kwè korespondans lan menase sekirite etablisman an, yon lòt moun oswa piblik la.

(i) Òdonans alekri a dwe bay enfòmasyon espesifik ak rezon ki pou kore desizyon an.

(ii) Yo dwe bay prizonye ki afekte a yon preyavi alekri konsènan desizyon an ak enfòmasyon espesifik ak rezon ki kore desizyon an. Chèf prizon an ka pran tan pou l avize prizonye sèlman si preyavi sa a pral menase sekirite etablisman an. Apresa, chèf prizon an dwe avize prizonye a lapoula. Egzijans sa a pa dwe aplike pou prizonye ki fèmen nan lojman kote siveyans lan amelyore.

(iii) Yo dwe konseve yon dosye alekri ki gen korespondans ki li yo daprè sa a epi li dwe genyen ladan li non prizonye a, non moun ki resevwa korespondans lan, non moun ki li korespondans lan, dat yo te li korespondans lan, epi, sof prizonye ki fèmen nan lojman kote siveyans lan amelyore yo, dat prizonye a te resevwa preyavi a.

(iv) Yo dwe konplete nenpòt mezi yo pran daprè paragraf sa a nan yon delè senk (5) jou ouvrab apre Depatman an fin resevwa korespondans lan.

(7) Yo pa dwe ni louvri ni li korespondans prizonye a voye deyò ki privileje sof si gen yon manda pèkizyon legal.

(d) *Korespondans k ap antre*.

(1) Yo dwe libre korespondans k ap antre a bay prizonye yo voye l bay la nan yon delè 48 èdtan apre Depatman an fin resevwa li sof si prizonye a pa nan detansyon nan Depatman an ankò.

(2) Depatman an dwe tabli yon lis bagay yo ka resevwa nan kad korespondans lan. Lè prizonye yo ap antre nan yon etablisman, yo dwe ba yo yon kopi lis sa a oswa yo dwe afiche l nan chak espas lojman.

(e) *Enspeksyon korespondans k ap antre*.

(1) Korespondans yo voye bay prizonye a ki pa privileje

(a) yo pa dwe louvri li esepte nan prezans prizonye yo voye li bay la oswa si gen yon manda pèkizyon legal oswa òdonans alekri ki soti nan men chèf prizon an ki bay rezon valab pou moun kwè korespondans lan menase sekirite etablisman an, yon lòt moun oswa piblik la.

(i) Òdonans alekri a dwe bay enfòmasyon espesifik ak rezon ki pou kore desizyon an.

(ii) Yo dwe bay prizonye ki afekte a ak moun ki voye li a yon preyavi alekri konsènan desizyon chèf prizon an ak enfòmasyon espesifik ak rezon ki kore desizyon an. Chèf prizon an ka pran tan pou l avize prizonye ak moun ki voye li a sèlman si preyavi sa a pral menase sekirite etablisman an. Apresa, chèf prizon an dwe avize prizonye a lapoula. Egzijans sa a pa dwe aplike pou prizonye ki fèmen nan lojman kote siveyans lan amelyore.

(iii) Yo dwe konseve yon dosye alekri ki gen korespondans ki li yo daprè soudivizyon sa a epi li dwe genyen ladan li non moun ki voye li a, non prizonye ki sipoze resevwa korespondans lan, non moun

ki li korespondans lan, dat yo te resevwa epi li korespondans lan, epi, sof prizonye ki fèmen nan lojman kote siveyans lan amelyore yo, dat prizonye a ak moun ki voye li a te resevwa preyavi a.

(iv) Yo dwe konplete nenpòt mezi yo pran daprè soudivizyon sa a nan yon delè senk (5) jou ouvrab apre Depatman an fin resevwa korespondans lan.

(b) yo pa dwe li sof si gen yon manda pèkizyon legal oswa òdonans alekri ki soti nan men chèf prizon an ki bay rezon valab pou moun kwè korespondans lan menase sekirite etablisman an, yon lòt moun oswa publik la. Yo prezante pwosedi pou òdonans alekri chèf prizon an daprè soudivizyon sa a nan paragraf (1) ki nan soudivizyon sa a.

(2) Yo ka manyen oswa enspekte korespondans k ap antre yo san yo pa louvri yo epi yo ka se nenpòt aparèy sekrè. Yo ka kenbe yon lèt pandan 24 èdtan anplis pandan I ap tann rezolisyon pou aplikasyon yon manda pèkizyon.

(3) Yo pa dwe louvri korespondans ki privilejye yo voye bay prizonye a sof nan prezans prizonye k ap resevwa li a oswa si gen yon manda pèkizyon legal. Yo pa dwe louvri korespondans ki privilejye yo voye bay prizonye a sof si gen yon manda pèkizyon legal.

(f) *Bagay ki entèdi nan korespondans k ap antre.*

(1) Lè yo jwenn yon bagay nan korespondans yo voye bay prizonye a enplike yon deli penal, yo ka voye li bay otorite konpetan an pou I fè yon pouosit penal. Nan sitiyasyon sa yo, yo ka retade preyavi paragraf (3) ki nan soudivizyon sa a egzije a si sa nesesè pou anpeche gen fouye bouch nan yon ankèt penal ki ankou.

(2) Yo dwe retounen yon bagay yo jwenn nan yon korespondans yo voye bay prizonye a ki pa enplike yon deli penal bay moun ki voye li a, bay li oswa detui li, jan prizonye a vle a.

(3) Nan yon delè 24 èdtan apre yo fin retire bagay la, yo dwe voye bay Konsèy Administrasyon an ak prizonye yo voye bagay la bay la yon preyavi sou mezi sa a. Preyavi alekri sa a dwe gen ladan l:

- (i) non ak adrès moun ki voye li a;
- (ii) bagay yo retire a;
- (iii) rezon ki fè yo retire li a;
- (iv) chwa paragraf (2) ki nan soudivizyon sa a prevwa a; ak
- (v) pwosedi kontestasyon an.

(4) Apre yo fin retire yon bagay, yo dwe voye korespondans k ap antre bay prizonye yo voye li bay la.

(g) *Kontestasyon.* Nenpòt moun desizyon pou retire yon bagay nan korespondans yon prizonye afekte ka konsteste desizyon sa a bòkote Konsèy Administrasyon an.

(1) Moun desizyon an afekte a dwe bay Konsèy Administrasyon an ak Depatman an yon preyavi alekri sou entansyon I pou I konteste desizyon an.

(2) Depatman an ak nenpòt moun desizyon an afekte ka soumèt nenpòt dokiman enpòtan anplis desizyon alekri a bay Konsèy Administrasyon an pou li analize li.

(3) Konsèy Administrasyon an oswa reprezantan li an dwe bay yon dezisyon alekri sou kontestasyon an nan yon delè 14 jou ouvrab apre I fin resevwa preyavi pou analiz yo mande a.

## § 1-12 Koli yo.

(a) *Règleman.* Yo dwe kite prizonye yo resevwa koli nan men nenpòt moun, epi voye koli bay nenpòt moun esepte lè yo kwè ak rezon limit lan nesesè pou pwoteje sekirite publik oswa pou kenbe lòd ak sekirite nan etablisman an.

(b) *Kantite.* Depatman an ka enpoze restriksyon rezonab sou kantite koli yo voye oswa yo resevwa.

(c) *Koli k ap soti yo.* Prizonye a dwe peye frè yo lè I ap voye koli yo.

(d) *Koli k ap antre yo.*

(1) Yo dwe libre koli k ap antre yo nan yon delè 72 èdtan apre Depatman an fin resevwa yo, sof si prizonye yo voye yo bay la pa nan detansyon nan Depatman an ankò.

(2) Yo ka livre koli yo pèsonèlman bay yon etablisman pandan lè vizit yo.

(3) Lè prizonye yo ap antre nan yon etablisman, yo dwe ba yo yon kopi lis bagay yo ka resevwa nan koli yo oswa yo dwe afiche lis sa a nan chak espas lojman.

(e) *Enspeksyon koli k ap antre yo.*

(1) Yo ka louvri ak enspekte koli k ap antre yo.

(2) Yo ka pa louvri oswa li korespondans ki vlope nan koli k ap antre yo sof daprè pwosedi yo prezante nan soudivizyon(e) ki nan 40 RCNY § 1-11.

(f) *Bagay ki entèdi koli k ap antre yo.*

(1) Lè yo jwenn yon bagay nan yon koli k ap antre enplike yon deli penal, yo ka voye li bay otorite

konpetan an pou I fè yon pouosit penal. Nan sitiyasyon sa yo, yo ka retade preyavi paragraf (3) ki nan soudivizyon sa a egzije a si sa nesesè pou anpeche gen fouye bouch nan yon ankèt penal ki ankou.

(2) Yo dwe retounen yon bagay yo jwenn nan yon korespondans k ap antre ki pa enplike yon deli penal bay moun ki voye li a, bay li oswa detui li, jan prizonye a vle a.

(3) Nan yon delè 24 èdtan apre yo fin retire bagay la, yo dwe voye bay Konsèy Administrasyon an ak prizonye yo voye bagay la bay la yon preyavi sou mezi sa a. Preyavi alekri sa a dwe gen ladan l:

- (i) non ak adrès moun ki voye li a;
- (ii) bagay yo retire a;
- (iii) rezon ki fè yo retire li a;
- (iv) chwa paragraf (2) ki nan soudivizyon sa a prevwa a; ak
- (v) pwosedi kontestasyon an.

(4) Apre yo fin retire yon bagay, yo dwe voye tout lòt bagay ki nan koli a bay prizonye yo voye li bay la.

(g) *Kontestasyon*. Nenpòt moun desizyon pou retire yon bagay nan koli k ap antre afekte ka konsteste desizyon sa a bòkote Konsèy Administrasyon an.

(1) Moun desizyon an afekte a dwe bay Konsèy Administrasyon an ak Depatman an yon preyavi alekri sou entansyon I pou I konteste desizyon an.

(2) Depatman an ak nenpòt moun desizyon an afekte ka soumèt nenpòt dokiman enpòtan anplis desizyon alekri a bay Konsèy Administrasyon an pou li analize li.

(3) Konsèy Administrasyon an oswa reprezantan li an dwe bay yon dezisyon alekri sou kontestasyon an nan yon delè 14 jou ouvrab apre I fin resevwa preyavi pou analiz yo mande a.

### **§ 1-13 Piblikasyon yo.**

(a) *Règleman*. Prizonye yo gen dwa pou yo resevwa piblikasyon nèf oswa piblikasyon dezyèm men nan men nenpòt moun, tankou fanmi, zanmi ak mezon edisyon yo, sof lè yo kwè toutbonvre limit lan nesesè pou pwoteje sekirite piblik oswa pou kenbe lòd ak sekirite nan etablisman an. "Piblikasyon" yo se dokiman enprime tankou liv ki gen kouvèti dous oswa kouvèti di, atik, magazin ak jounal yo.

(b) *Kantite ak lang*. Pa dwe genyen okenn restriksyon sou kantite piblikasyon ki pou resevwa poutèt kantite piblikasyon prizonye a te resevwa anvan an, oswa lang piblikasyon an.

(c) *Piblikasyon k ap antre yo*.

(1) Yo dwe livre piblikasyon k ap antre yo bay prizonye yo voye I bay la nan yon delè 48 èdtan apre Depatman an fin resevwa li sof si prizonye a pa nan detansyon nan Depatman an ankò.

(2) Yo ka louvri ak enspekte piblikasyon k ap antre yo daprè pwosedi ki aplikab pou koli k ap antre yo.

(3) Yo dwe sansire oswa retade piblikasyon k ap antre yo sof si yo genyen enstriksyon espesifik sou pwodiksyon an oswa itilizasyon zam oswa eksplosif ki danjere, plan pou chape, oswa dokiman ki ka konpwomèt sekirite etablisman an.

(4) Yo dwe li piblikasyon k ap antre yo pou verifye si yo pa gen dokiman paragraf (3) ki nan soudivizyon sa a entèdi.

(5) Nan yon delè 24 èdtan apre yon desizyon pou sansire oswa retade tout oswa yon pati nan piblikasyon k ap antre a, yo dwe voye bay Konsèy Administrasyon an ak prizonye yo voye piblikasyon an bay la yon preyavi sou mezi sa a. Preyavi sa a dwe gen ladan I enfòmasyon ak rezon espesifik ki alabaz desizyon an ak pwosedi kontestasyon an.

(g) *Kontestasyon*. Nenpòt moun yon desizyon ki pran daprè paragraf (c)(3) ki nan seksyon sa a afekte ka konsteste desizyon sa a bòkote Konsèy Administrasyon an.

(1) Moun desizyon an afekte a dwe bay Konsèy Administrasyon an ak Depatman an yon preyavi alekri sou entansyon I pou I konteste desizyon an.

(2) Depatman an ak nenpòt moun desizyon an afekte ka soumèt nenpòt dokiman enpòtan anplis desizyon alekri a bay Konsèy Administrasyon an pou li analize li.

(3) Konsèy Administrasyon an oswa reprezantan li an dwe bay yon dezisyon alekri sou kontestasyon an nan yon delè senk (5) jou ouvrab apre I fin resevwa preyavi pou analiz yo mande a.

### **§ 1-14 Aksè ak Medya.**

(a) *Règleman*. Prizonye yo gen pou yo jwenn aksè ak medya. "Medya" vle di nenpòt mwayeren enprime oswa elektwonik pou transmèt enfòmasyon bay nenpòt pati nan piblik la e li dwe gen ladan I, men gen toujou jounal, magazin, liv oswa lòt piblikasyon, ak estasyon radyo ak televizyon ki gen lisans.

(b) *Entèvyou nan medya yo.*

(1) Reprezantan medya yo byen idantifye dwe gen dwa pou fè entèvyou avèk nenpòt prizonye ki bay konsantman li pou entèvyou sa a. "Reprezantan medya yo byen idantifye" vle di nenpòt moun ki bay prèv li afilye avèk medya a.

(2) Fòk konsantman prizonye a alekri sou yon fòm ki gen ladan li enfòmasyon sa yo an Panyòl ak Anglè:

(i) non ak òganizasyon reprezantan medya a.

(ii) enfòmasyon pou di prizonye a deklarasyon li fè bay reprezantan medya a ka nui li a nan pwosedi administratif oswa pwosedi jidisyè pi devan;

(iii) enfòmasyon pou di prizonye a li pa oblige pale ak reprezantan medya a; ak

(iv) enfòmasyon pou di prizonye a li ka ranvwaye entèvyou medya a pou li kapab pale avèk yon avoka oswa nenpòt lòt moun.

(3) Depatman an ka egzije konsantman yon avoka ki enskri nan dosye a anvan li pwograme entèvyou yon medya avèk yon detni k ap sibi yon entèwogatwa pou konpetans yo daprè òdonans tribinal la.

(4) Depatman an ka egzije konsantman yon avoka ki enskri nan dosye a oswa yon paran oubyen yon gadyen legal anvan li pwograme entèvyou yon medya avèk yon prizonye ki gen mwens pase 18 lane.

(5) Yo dwe pibliye non kontak medya Depatman an. Reprezantan medya yo dwe voye demann pou entèvyou yo bay moun sa a.

(6) Depatman an dwe pwograme entèvyou yo rapid men se anvan 24 èdtan apati yon demann ki fèt ant 8 è am e 4 è pm. Yo ka pwolonje peryòd 24 èdtan an si absans prizonye a nan etablisman an egzise sa.

(c) *Limit entèvyou medya yo.*

(1) Depatman an ka refize, retire oswa limite entèvyou medya avèk yon reprezantan medya oswa yon prizonye sèlman si yo deside entèvyou sa a se yon menas pou sekirite etablisman an.

(2) Fòk desizyon an baze sou zak espesifik reprezantan medya a oswa prizonye a komèt yon vizit anvan ki montre li se yon menas dirèk ki grav pou sekirite etablisman an. Anvan desizyon an, fòk yo bay reprezantan medya oswa prizonye a yon preyavi alekri sou akizasyon espesifik ak non epi deklarasyon pati yo akize yo, epi ba yo opòtinite pou yo reponn.

(3) Tout desizyon ki pran daprè paragraf (1) ki nan sibdivizyon sa a dwe alekri epi li dwe bay enfòmasyon ak rezon espesifik ki alabaz desizyon sa a. Yo dwe voye yon kopi desizyon sa a ansanm ak pwosedi apèl la bay Konsèy Administrasyon an epi bay nenpòt moun desizyon an touche nan yon delè 24 èdtan apre desizyon an.

(4) Nenpòt moun yon desizyon ki pran daprè sibdivizyon sa a afekte ka konsteste desizyon sa a bòkote Konsèy Administrasyon an.

(i) Moun desizyon an afekte a dwe bay Konsèy Administrasyon an ak Depatman an yon preyavi alekri sou entansyon I pou I konteste desizyon an.

(ii) Depatman an ak nenpòt moun desizyon an touche ka soumèt nenpòt dokiman enpòtan anplis desizyon alekri a bay Konsèy Administrasyon an pou li analize li.

(iii) Konsèy Administrasyon an oswa reprezantan li an dwe bay yon dezisyon alekri sou kontestasyon an nan yon delè senk (5) jou ouvrab apre I te fin resevwa preyavi pou analiz yo mande a.

## § 1-15 Dewogasyon.

(a) *Règleman.* Depatman an ka mande yon dewogasyon nan yon sibdivizyon espesifik oubyen yon seksyon sou nòm minimòm sa yo lè yo pa kapab rive respekte yo oswa kontinye yo. Yon "dewogasyon akoutèm" se yon franchiz Konsèy Administrasyon an bay pou pa respekte yon sibdivizyon oswa yon seksyon patikilyè nèt pandan yon peryòd espesifik. Yon "dewogasyon alontèm" se yon franchiz Konsèy Administrasyon an bay pou pa respekte yon sibdivizyon oswa yon seksyon patikilyè nèt pandan yon peryòd ilimité. Yon "dewogasyon annijans" jan sa defini nan paragraf (b)(3) ki nan seksyon sa a se yon franchiz Konsèy Administrasyon an bay pou pa respekte yon sibdivizyon oswa yon seksyon patikilyè nèt pandan mwens pase 30 jou.

(b) *Dewogasyon akoutèm, alontèm ak annijans.*

(1) Depatman an ka mande Konsèy Administrasyon an yon dewogasyon lè:

(i) malgre tout jefò li an ak jefò lòt responsab ak òganis vil New York yo fè, yo pa kapab rive respekte sibdivizyon an oswa seksyon an nèt; oubyen

(ii) yo dwe rive respekte sibdivizyon oswa seksyon an pandan yon peryòd limite nan yon fason ki pa menm ak jan sa espesifye nan sibdivizyon an oswa seksyon an.

(2) Depatman an ka mande Konsèy Administrasyon an yon dewogasyon alontèm malgre tout jefò li ak jefò lòt responsab ak òganis vil New York yo fè, yo pa kapab rive respekte li nan yon avi yo kapab prevwa akoz:

(i) respekte yon sibdivizyon oswa yon seksyon nèt pral kreye gwo difikilte pratik akoz sikonstans ki pwòp ak yon etablisman patikilye, epi manke respekte sibdivizyon oswa seksyon an nèt pa pral kreye yon danje oswa twòp difikilte pou manm pèsonèl la oswa prizonye yo; oswa

(ii) yo dwe rive respekte sibdivizyon oswa seksyon an nan yon lòt mannyè ki ase pou satisfè objektif sibdivizyon oswa seksyon an.

(3) Depatman an ka mande Konsèy Administrasyon an yon dewogasyon annijans lè yon sitiyasyon ijans anpeche yo kontinye respekte sibdivizyon oswa seksyon an. Depatman an ka deklare yon dewogasyon annijans pandan yon peryòd ki mwens pase 24 èdtan lè yon sitiyasyon ijans anpeche yo kontinye respekte yon sibdivizyon oswa yon seksyon patikilye. Yo dwe avize Konsèy Administrasyon an oswa reprezantan li an sou sitiyasyon ijans lan ak deklarasyon dewogasyon an.

(c) *Demann dewogasyon.*

(1) Fòk manm komisyón Depatman an fè demann dewogasyon an alekri bòkote Konsèy Administrasyon an depi yo pran yon desizyon ki di li p ap posib pou yo kontinye respekte li epi dewogasyon an dwe di:

(i) kalite dewogasyon li mande a;

(ii) sibdivizyon oswa seksyon patikilye ki konsène a;

(iii) dat kòmansman dewogasyon li mande a;

(iv) jefò Depatman an fè yo pou l rive respekte sibdivizyon oswa seksyon an anvan dat antre anvigè a;

(v) enfòmasyon oswa rezon espesifik ki fè yo kapab respekte sibdivizyon an nèt, epi lè enfòmasyon ak rezon yo te fin evidan;

(vi) plan, pwojeksyon ak kalandriye espesifik pou rive respekte soudivizyon oswa seksyon an nèt;

(vii) plan espesifik pou atenn objektif sibdivizyon oswa seksyon an nan peryòd kote li pa posib pou pa respekte sibdivizyon oswa seksyon an nèt; epi

(viii) si demann lan se pou yon dewogasyon akoutèm, pou peryòd yo mande pou dewogasyon an, akondisyon li pa depase sis (6) mwa.

(2) Anplis dispozisyon paragraf (1) ki nan sibdivizyon sa a, yon demann pou yon dewogasyon alontèm dwe di:

(i) enfòmasyon ak rezon espesifik alabaz ki fè li pa pratik oswa li pa posib pou respekte sibdivizyon an nan yon lavni yo kapab prevwa, epi lè enfòmasyon ak rezon sa yo vin evidan, ak

(ii) degre respè yo ki atenn lan, ak jefò Depatman an fè yo pou l diminye nenpòt danje oswa difikilte posib yo kapab mete sou kont mank respè total la; oswa

(iii) yon deskripsiyon plan espesifik pou rive respekte sibdivizyon oswa seksyon an nan yon lòt mannyè ki ase pou satisfè objektif sibdivizyon oswa seksyon an.

(3) Anplis egzijans paragraf (1) ki nan sibdivizyon sa a, yon demann pou yon dewogasyon annijans pandan yon peryòd 24 èdtan oswa plis (oswa pou renouvelman yon dewogasyon annijans) dwe di:

(i) sibdivizyon oswa seksyon patikilye ki konsène a;

(ii) enfòmasyon oswa rezon espesifik ki fè yo kapab kontinye respekte sibdivizyon an, epi lè enfòmasyon ak rezon sa yo te fin evidan;

(iii) plan espesifik, pwojeksyon ak kalandriye pou atenn konfòmite a nan totalite l;

(iv) pou peryòd yo mande dewogasyon an, akondisyon li pa depase trant (30) jou.

(d) *Pwosedi dewogasyon pou dewogasyon akoutèm ak dewogasyon alontèm.*

(1) Anvan Konsèy Administrasyon an pran desizyon sou yon demann dewogasyon pou yon dewogasyon akoutèm oswa alontèm, li dwe konsidere pozisyon tout pati ki konsène yo, ki gen ladan I anplwaye koreksyonèl yo, prizonye yo ak reprezantan yo, lòt fonksyonè yo ak òganizasyon legal, òganizasyon reliye epi òganizasyon komunitè yo.

(2) Lè sa posib, Konsèy Administrasyon an dwe fè yon reyinyon publik oubyen yon odyans/seyans sou demann dewogasyon an epi l ap koute temwanyaj tout pati ki konsène yo.

(3) Se ekri yo dwe ekri desizyon Konsèy Administrasyon an pran sou demann pou yon dewogasyon.

(4) Yo dwe avize pati konsène yo sou desizyon Konsèy Administrasyon an pran an kou sa posib epi anvan senk (5) jou ouvrab apre yo fin pran desizyon an.

(e) *Akòde yon dewogasyon.*

(1) Konsèy Administrasyon an dwe bay yon dewogasyon sèlman si yo ba li prèv konvenkan ki montre

dewogasyon an nesesè epi jistifye.

(2) Lè Komisyon an ap akòde yon dewogasyon, li dwe endike:

- (i) kalite dewogasyon an
- (ii) dat dewogasyon an pral kòmanse
- (iii) delè dewogasyon an, si genyen; ak
- (ii) nempòt egzijans yo enpoze kòm kondisyon sou dewogasyon an.

(f) *Renouvèlman ak revizyon yon dewogasyon.*

(1) Yo dwe trete yon demann pou renouvèlman yon dewogasyon akoutèm oswa annijans menm jan ak yon demann inisyal jan sibdivizyon (b), (c), (d) ak (e) ki nan seksyon sa a prevwa li. Konsèy Administrasyon an pa dwe bay renouvèlman pou yon dewogasyon sof si l konstate, anplis egzijans pou yo apwouve yon demann inisyal la, gen yon efò konsanti ki te fèt ak bòn fwa pou yo respekte sibdivizyon oswa seksyon an nan delè yo te ba yo anvan an, epi ekzijans Konsèy Administrasyon an te etabli yo kòm kondisyon sou dewogasyon inisyal yo satisfè.

(2) Depatman an, anplwaye koreksyonèl yo, prizonye yo oswa reprezantan yo a ka fè yon petisyon pou revize yon dewogasyon alontèm sou pwòp mosyon Konsèy Administrasyon an. Lè Konsèy Administrasyon an resevwa yon petisyon, li dwe revize ak re-evalye nesesite ak jistifikasyon alontèm pou demann dewogasyon alontèm lan. Yo dwe fè revizyon sa a menm jan ak yon demann inisyal jan soudivizyon jan sibdivizyon (b), (c), (d) ak (e) ki nan seksyon sa a prevwa li. Konsèy Administrasyon an pral revize tout enfòmasyon yo epi konsidere avi tout pati ki konsène yo. Konsèy Administrasyon an ap kanpe dewogasyon an, si apre revizyon ak konsiderasyon sa, li detèmine sa:

- (i) yo kapab rive respekte nòm lan nèt jodi a; oswa
- (ii) egzijans yo enpoze kòm kondisyon de baz pou yo bay dewogasyon alontèm lan pa respekte oswa pa kenbe; oswa

(iii) pa gen okenn respè nan kad objektif sibdivizyon oswa seksyon nan yon lòt mannyè jan souparagraf (b)(2)(ii) ki nan seksyon sa a egzije li.

(3) Konsèy Administrasyon an dwe presize alekri epi pibliye enfòmasyon ak rezon ki fè li pran desizyon sou yon demann pou renouvel oswa revize yon dewogasyon. Fòk Konsèy Administrasyon an respekte ekzijans sibdivizyon (e) ki nan seksyon sa a, epi, sizoka ta gen dewogasyon akoutèm ak dewogasyon alontèm, paragraf (d)(3) ak paragraf (4) ki nan seksyon sa a. Kote sa apwopriye, Konsèy Administrasyon an dwe pran yon dat echeyan pou kanpe yon dewogasyon alontèm apre l fin diskite ak pati konsène yo.

(4) Konsèy Administrasyon an pa dwe bay plis pase de renouvèlman youn deyè lòt pou dewogasyon annijans yo.

## **§ 1-16 Lojman kote Siveyans lan Amelyore;**

(a) *Objektif.* Objektif prensipal lojman kote siveyans lan amelyore a (ESH) se pou pwoteje sekirite prizonye ak etablisman yo, pandan l ap fè pwomosyon pou reyadaptasyon, bon konpòtman, ak byennèt sikolojik ak fizik prizonye yo. Pou atenn objektif sa yo, ESH la fèt pou separe ak popilasyon jeneral la prizonye sa yo ki reprezante pi gwo menas pou sekirite mamm pèsònèl ak lòt prizonye yo. Anplis, l ap chèche fè pwomosyon pou reyadaptasyon prizonye ESH yo nan ankouraje bon konpòtman epi nan ba yo pwogram ak resous terapeutik ki nesesè yo.

(b) *Règleman.* Yo ka fèmen yon prizonye nan ESH la si li prezante yon gwo menas pou sekirite etablisman an si yo mete li yon lòt kote. Se lè yo kontaste youn nan bagay sa yo te rive yo ka kore yon desizyon konsa:

(1) yo te idantifye prizonye a antanke yon chèf gang epi li montre li te patisipe nan fè yon aktivite vyolan oswa danjere ki gen pou wè ak gang;

(2) prizonye a montre li te patisipe antanke yon moun ki te òganize oswa fè agresyon ki gen pou wè ak gang;

(3) prizonye a te ponyade yon prizonye, li komèt plizyè agresyon, li blese yon lòt prizonye, vizitè, oswa anplwaye grav, oswa li fè briganday oswa patisipe anpil nan toumante prizonye yo pandan l nan detansyon nan Depatman an oswa fèmen yon lòt mannyè;

(4) yo jwenn prizonye a genyen yon bistouri oswa yo zam ki poze yon nivo danje ki menm jan oswa ki pi gwo pase danje bistouri a poze a pandan li nan detansyon nan Depatman an oswa fèmen yon lòt mannyè;

(5) prizonye a te patisipe nan gwo vyolans; oswa

(6) pandan prizonye nan detansyon nan Depatman an oswa fèmen yon lòt mannyè, li te patisipe nan

aktivite oswa konpòtman kote gravite ak degre danje a menm jan ak zak yo dekri nan paragraf (1) rive nan paragraf (5) ki nan sibdivizyon sa a, epi aktivite oswa konpòtman sa a gen yon enpak dirèk yo kapab idantifye ki defavorab sou sekirite etablisman an, tankou plizyè zak krim ensandi.

Men, akondisyon, lè yo kite Depatman an konsidere aktivite yon prizonye ki rive oswa aksyon ki komèt nan yon moman kote yo te mete prizonye a nan prizon, fòk aktivite oswa aksyon sa yo te rive nan espas senk (5) lane ki vini anvan yo. Lè yo kite Depatman an konsidere aktivite yon prizonye ki rive oswa aksyon ki komèt nan yon moman kote yo pa t mete prizonye a nan prizon, fòk aktivite oswa aksyon sa yo te rive nan espas de (2) lane ki vini anvan yo.

(c) *Eksklizyon yo.*

(1) Yo dwe mete kategori prizonye sa yo deyò nan plasman nan ESH la:

(i) prizonye ki gen mwens pase 18 lane yo;

(ii) apati 1ye janvy 2016, prizonye ki gen 18 rive 21 lane yo, akondisyon yo rann resous ki ase disponib pou Depatman an pou bay manm pèsonèl ki nesesè ak enplemantasyon yon lòt pwogram nesesè; epi

(iii) prizonye ki gen andikap mantal grav oswa andikap fizik grav yo.

(2) Yo dwe kite pèsonèl medikal la revize plasman nan ESH la epi patisipe nan odyans pou revize plasman yo. Konfòmeman ak règleman sa yo, lè plasman nan ESH la pral reprezante yon gwo menas pou sante fizik oswa sante mantal yon prizonye, pèsonèl medikal la dwe gen otorite pou li deside yo dwe anpeche prizonye a antre nan plasman ESH la oswa yo dwe deplase I nan ESH la pou yo mete li nan yon inite lojman ki pi apwopriye. Yo ka pran desizyon sa a nenpòt lè pandan y ap mete prizonye a nan prizon.

(3) Yon manm pèsonèl sèvis sante mantal la dwe wè nenpòt prizonye yo plase nan ESH ki pwouve li gen yon twoub mantal oswa emosyonèl anvan oswa tousuit apre plasman ESH la.

(4) Kantite total prizonye yo mete nan ESH la pa dwe depase 250 alafwa.

(d) *Kondisyon, Pwogram ak Sèvis yo.*

(1) Nan mezi Depatman an enpoze restriksyon sou yon prizonye ki nan ESH ki pa menm jan ak limit yo enpoze sou prizonye ki nan popilasyon jeneral la, restriksyon sa yo ka limite ak restriksyon ki nesesè pou fè fas ak menas espesifik prizonye sa a poze pou sekirite.

(2) Nan mezi Depatman an chèche limite aksè yon prizonye ki nan ESH ak vizit kontak, yo dwe òganize yon odyans, jan sibdivizyon (g) ki nan seksyon sa a egzije I, ki dwe abòde kritè yo prezante nan sibdivizyon (h) nan 40 RCNY § 1-09 nan sa ki konsène alafwa prizonye a ak nenpòt vizitè endividylèl Depatman an swete limite kontak avèk li an.

(3) Anvan 1ye jiyè 2015, Depatman an dwe bay prizonye nan ESH ki alafwa ki vle epi ki pa vle, epi ki alafwa nan selil ak deyò selil yo pwogram ki vize facilite reyadaptasyon, ki abòde prensipal kòz vyolans yo epi ki minimize kalbenday.

(4) Pèsonèl medikal la dwe wè tout prizonye ki nan ESH yo omwen yon fwa pa jou epi li dwe rekòmande yo bay sèvis medikal ak sante mantal, lè sa apwopriye.

(e) *Manm pèsonèl.*

(1) Ajan koreksyon ki afekte nan ESH yo dwe resevwa karant (40) èdtan fòmasyon espesyal ki fèt pou abòde karakteristik inik ESH yo ak prizonye yo. Fòmasyon sa a dwe gen ladan I men genyen toujou, rekonesans ak konpreyansyon maladi mantal ak detrès, kominikasyon efikas ak teknik pou dezamòse konfli.

(2) Yo dwe afekte omwen vennsenk (25) poustan pèsonèl koreksyon ki afekte nan ESH nan pòs ki fiks.

(f) *Preyavi sou Plasman nan ESH.*

(1) Lè yo deside yo ta dwe fèmen yon prizonye nan ESH, yo dwe bay prizonye sa a yon preyavi alekri sou desizyon sa a nan yon delè vennkat (24) èdtan apre plasman an. Yo dwe bay prizonye ki pa konn li oswa ki pa kapab konprann avi sa a èd ki nesesè. Preyavi sa a dwe:

(i) bay motif ak enfòmasyon ki pou kore plasman prizonye a nan ESH la; (ii) enfòme prizonye a sou restriksyon endividylèl Depatman an gen entansyon enpoze yo pandan prizonye a fèmen nan ESH la;

(iii) avize prizonye a sou odyans pou pwochen revizyon plasman nan ESH la; ak

(iv) enfòme prizonye a sou dwa I genyen pou I revize, anvan odyans pou plasman an, eleman prèv Depatman an genyen yo, pou I parèt nan odyans lan an pèsòn, pou I soumèt yon deklarasyon alekri pou konsiderasyon, pou I rele temwen, epi pou I bay prèv.

(2) [Reserved.]

(g) *Odyans Revizyon Plasman.*

(1) Nan yon delè twa (3) jou ouvrab apre yo fin bay prizonye a preyavi sou premye plasman li nan

ESH la ak restriksyon ki gen pou wè ak li yo, Depatman an dwe òganize yon odyans pou l pwononse l sou plasman prizonye a nan ESH la epi limit endividyle ki pwopoze yo. Yo ka pa ajoune odyans lan sof, nan sikonstans ki pa twò grav yo, sou demann alekri prizonye a epi nan okenn sitiayson yo pa ajoune l pandan plis pase senk (5) jou.

(2) Youn oswa plizyè ajan odyans dwe dirije odyans pou revize plasman an. Manm pèsonèl Depatman ki te rekòmande an premye pou yo plase prizonye a nan ESH la oswa ki te bay prèv yon lòt mannyè ki pou kore plasman prizonye a nan ESH la pa dwe kalifye pou jwe wòl ajan odyans nan odyans pou revize plasman prizonye a.

(3) Odyans pou revize plasman an dwe gen bagay sa yo ladan li:

(i) yon revizyon enfòmasyon Depatman an chita sou yo a pou l plase prizonye a nan ESH la daprè sibdivizyon (b) ki nan seksyon sa a, ak yon desizyon pou konnen si enfòmasyon sa yo egziste ak si yo kore, selon majorite prèv la, konklizyon ki di prizonye a reprezante yon gwo menas kounye a pou sekirite etablisman an yon fason pou ESH sa a apwopriye.

(ii) konsiderasyon tan ki te koule depi aktivite a te fèt la oswa konpòtman Depatman an apiye sou li a pou l kore plasman nan ESH la;

(iii) yon revizyon restriksyon endividyle Depatman an pwopoze yo ak yon dezisyon pou konnen si prèv pwoblèm sekirite lejitim yo ki gen pou wè ak sèl prizonye sa a kore chak;

(iv) konsiderasyon nenpòt enfòmasyon enpòtan pèsonèl medikal la bay;

(v) konsiderasyon nenpòt prèv kredib ak enpòtan yo soumèt oswa deklarasyon prizonye a fè nan odyans lan; ak

(vi) konsiderasyon nenpòt lòt prèv yo konsidere ki enpòtan pou desizyon sou estati ESH la oswa enpozisyon restriksyon endividyle yo.

(4) Yo dwe kite prizonye a parèt nan odyans lan an pèsòn, soumèt yon deklarasyon alekri, rele temwen yo ak bay prèv yo.

(5) Nan sikonstans sa yo, prizonye a dwe gen dwa pou l jwenn èd yon fasilitatè odyans, ki dwe ede prizonye nan klarifye akizasyon yo, eslike pwosesis odyans lan, ak ede prizonye a nan rasanble prèv yo:

(i) prizonye a pa konn li oswa li pa kapab prepare yon lòt mannyè pou pwosesis odyans lan oswa konprann li; oswa

(ii) prizonye a pa t kapab jwenn temwen yo oswa prèv alekri yo yon lòt mannyè.

(6) Si yo deside majorite prèv la kore plasman nan ESH la ak chak restriksyon ki gen pou wè ak li, yo ka kontinye plasman an ak chak restriksyon ki sipòte. Yo dwe bay prizonye a yon preyavi alekri ki eslike baz desizyon sa yo. Si yo deside majorite prèv la pa kore plasman nan ESH la oswa enpozisyon nenpòt restriksyon endividyle, yo dwe mete fen nan estati ESH la oswa nan restriksyon endividyle ki pa kore yo lapoula.

(h) *Revizyon Plasman an Chak Peryòd.*

(1) Yo dwe rezive plasman yon prizonye nan ESH la chak karannsenk (45) jou pou deside si prizonye a kontinye prezante yon gwo menas pou sekirite etablisman si yo mete l deyò ESH la yon fason pou plasman pèmanan nan ESH la apwopriye.

(2) Omwen vennkat (24) èdtan anvan revizyon chak peryòd sa a, yo dwe avize prizonye yo sou revizyon ki ankou a alekri epi sou dwa yo genyen pou yo soumèt yon deklarasyon alekri pou yo konsidere li. Yo dwe bay prizonye ki pa konn li oswa ki pa kapab konprann avi sa a èd ki nesesè.

(3) Revizyon estati ESH yon prizonye dwe konsidere bagay sa yo, avèk konklizyon ki anrejistre nan yon rapò alekri yo rann disponib pou prizonye a nan yon delè sèt (7) jou apre revizyon an: (i) jistifikasyon pou plasman pèmanan nan ESH la;

(ii) yo ta dwe asoupli oswa leve karaktè apwopriye chak restriksyon ESH endividyle ak nenpòt restriksyon endividyle;

(iii) enfòmasyon konsènan konpòtman ak atitid prizonye a vin genyen depi plasman li nan ESH la te kòmanse, tankou patisipasyon nan pwogram yo ak disponiblite yo;

(iv) enfòmasyon konsènan efè plasman nan ESH la oswa restriksyon endividyle ESH yo sou sante mantal ak sante fizik prizonye a;

(v) nenpòt deklarasyon alekri prizonye a soumèt pou konsiderasyon;

(vi) nenpòt lòt faktè ki ka fè yo kenbe prizonye a anndan oswa libere prizonye a nan ESH la oswa nenpòt lòt faktè ki ka fè yo leve restriksyon ESH yo oswa kontinye enpoze restriksyon endividyle ESH yo; ak

(vii) si plasman prizonye a nan ESH la dwe kontinye, nenpòt aksyon oswa chanjman konpòtman prizonye a te ka antreprann pou l atenn objektif reyadapasyon li genyen yo ak leve restriksyon

endividiyèl ESH yo oswa libète nan ESH.

(4) Nenpòt lè sa apwopriye, yo ka evalye yon prizonye oswa rekòmande I pou yo plase I nan yon inite lojman ki pi apwopriye deyò ESH la.

(i) *Revizyon Enplemantasyon ESH Konsèy Administrasyon an.*

(1) Anvan swasant (60) jou apre enplemantasyon ESH la epi chak swasant (60) jou apresa, Depatman an dwe soumèt bay Konsèy Administrasyon an enfòmasyon ki gen pou wè ak enplemantasyon ESH la ak prizonye yo mete ladan yo. Enfòmasyon sa yo dwe genyen ladan yo, men dwe genyen toujou:

(i) kantite prizonye yo mete nan ESH la, kounye a ak depi enplemantasyon an;

(ii) chak ki lè yo itilize chak kritè yo prezante nan sibdivizyon (b)ki nan seksyon sa a pou kore plasman nan ESH la;

(iii) to vyolans ki nan ESH la ak popilasyon jeneral la depi enplemantasyon ESH la ak to vyolans pou peryòd konparab yo anvan enplemantasyon ESH la;

(iv) to itilizasyon fòs ki nan ESH la ak popilasyon jeneral la depi enplemantasyon ESH;

(v) pwogramasyon ak resous sante mantal ki disponib pou prizonye ki nan ESH yo epi degré patisipasyon prizonye a nan chak pwogram ak resous;

(vi) fòmasyon ajan koreksyon ki afekte nan ESH yo resevwa ak kantite pòs fiks yo kreye nan ESH la;

(vii) kantite prizonye ki te afekte anvan nan ESH la men ki gen estati ESH yo ki te fini nan yon odyans pou revizyon plasman;

(viii) kantite prizonye yo libere nan ESH la nan popilasyon jeneral la atravè revizyon peryodik la oswa lòt mekanis revizyon estati ESH yo; ak

(ix) nenpòt lòt done Depatman an oswa Konsèy Administrasyon an konsidere ki enpòtan pou evalyasyon ESH Konsèy Administrasyon an.

(2) Konsèy Administrasyon an dwe revize enfòmasyon Depatman an bay ak nenpòt lòt enfòmasyon li konsidere ki enpòtan pou evalyasyon ESH la. Dizuit (18) mwa apre enplemantasyon ESH la epi anvan de (2) lane apre enplemantasyon ESH la, Konsèy Administrasyon an dwe rankontre pou I pale sou efikasite ak karaktè apwopriye ESH la anpèmanans.

## § 1-17 Limit sou Itilizasyon Izolman kòm Pinisyon.

(a) *Règleman.* Jan Depatman an enplemente I la, izolman kòm pinisyon an se gwo sanksyon yo pa ta dwe itilize nan kèk sikostans nan etablisman yo ki nan Depatman an. An patikilye, izolman kòm pinisyon an reprezante yon gwo menas pou sante fizik ak sante sikolojik adolesan yo, yo pa ta dwe enpoze li sou yo. Anplis, izolman kòm pinisyon an la pou trete yon deli patikilye ki komèt pandan yon prizonye fèmen nan prizon e yo pa ta dwe enpoze li avèk yon deli menm prizonye a komèt pandan y ap separe li ak pandan yo t ap fèmen li nan prizon anvan.

(b) *Eksklizyon.*

(1) Yo dwe mete kategori prizonye sa yo deyò nan izolman kòm pinisyon an:

(i) prizonye ki gen mwens pase 18 lane yo;

(ii) apati 1ye janvye 2016, prizonye ki gen 18 rive 21 lane yo, akondisyon yo rann resous ki ase disponib pou Depatman an pou bay manm pèsonèl ki nesesè ak enplemantasyon yon lòt pwogram nesesè; epi

(iii) prizonye ki gen andikap mantal grav oswa andikap fizik grav yo.

(2) Konfòmeman ak règleman sa yo, lè plase prizonye a nan izolman kòm pinisyon an reprezante yon gwo menas pou sante fizik oswa sante mantal li, pèsonèl medikal la dwe gen otorite pou li deside yo dwe retire prizonye a nan plasman nan izolman kòm pinisyon an oubyen yo dwe deplase I pou yo mete li nan yon inite lojman ki pi apwopriye.

(3) Yo pa dwe plase yon prizonye yo retire nan izolman kòm pinisyon nan moman enfraksyon an akoz laj oswa eta sante li nan izolman kòm pinisyon pou menm enfraksyon an nan yon dat pi devan, kit laj prizonye oswa eta sante li chanje depi lè a.

(4) Yo pa dwe fèmen prizonye yo nan izolman kòm pinisyon pou deli grad 3.

(c) *Pwosedi Ofisyèl.*

(1) Anvan odyans pou enfraksyon yo prevwa nan paragraf (2) ki nan sibdivizyon sa a, prizonye a dwe resevwa preyavi alekri ki detaye akizasyon kont prizonye a ak yon deskripsyon konpòtman prizonye a ki te lakoz akizasyon yo. Yo dwe bay prizonye ki pa konn li oswa ki pa kapab konprann avi sa a èd ki nesesè. Yo dwe bay preyavi a anvan vennkat (24) èdtan anvan odyans pou enfraksyon an kòmanse sof

si prizonye a bay konsantman li alekri pou yon delè pi kout.

(2) Yo dwe bay tout prizonye yo, sof sa ki kalifye pou detansyon pre-odyans yo epi yo plase nan detansyon pre-odyans yo (PHD), yon odyans pou enfraksyon anvan yo plase yo nan lojman izolman kòm pinisyon an. Yo dwe bay prizonye ki kalifye pou PHD yo epi yo plase nan PHD yon odyans pou enfraksyon anvan sèt (7) jou ouvrab apre plasman nan PHD a, epi tan yo pase nan PHD a anvan odyans pou enfraksyon an dwe konte nan pèn izolman kòm pinisyon prizonye a.

(3) Yo dwe kite prizonye yo parèt an pèsòn, fè deklarasyon, bay prèv alekri, epi rele temwen nan odyans pou enfraksyon yo.

(4) Nan sikonstans sa yo, yon prizonye dwe gen dwa pou I jwenn èd yon fasilitatè odyans, ki dwe ede prizonye nan klarifye akizasyon yo, eslike pwosesis odyans lan, ak ede prizonye a nan rasanble prèv yo:

(i) prizonye a pa konn li oswa li pa kapab prepare yon lòt mannyè pou pwosesis odyans lan oswa konprann li; oswa

(ii) prizonye a pa t kapab jwenn temwen yo oswa prèv alekri yo yon lòt mannyè.

(5) Depatman an gen fado prèv nan tout pwosedi disiplinè prizonye yo. Majorite prèv la dwe montre prizonye a koupab pou jistifye plasman li nan izolman kòm pinisyon.

(d) *Limit lè sou izolman kòm pinisyon.*

(1) Sof lè yon prizonye te komèt yon agresyon grav sou manm pèsonèl la jan sa dekri nan paragrap (4) ki nan sibdivizyon sa a, yo pa ka kondane okenn prizonye pou izolman kòm pinisyon pandan plis pase trant (30) jou pou yon sèl enfraksyon.

(2) Sof lè yon prizonye ap piye yon pèn nan izolman kòm pinisyon pou yon agresyon grav sou manm pèsonèl la jan sa dekri nan paragrap (4) ki nan sibdivizyon sa a, nan okenn sitiayson yo pa ka kenbe yon prizonye nan izolman kòm pinisyon pandan plis pase trant (30) jou youn dèyè lòt. Sof lè yon prizonye ap piye yon pèn nan izolman kòm pinisyon pou yon agresyon grav sou manm pèsonèl la jan sa dekri nan paragrap (4) ki nan sibdivizyon sa a, yo dwe libere yon prizonye ki te pase trant (30) jou youn dèyè lòt nan izolman kòm pinisyon pandan omwen sèt (7) jou anvan pou yo ka retounen prizonye sa a nan izolman kòm pinisyon an.

(3) Yo ka kenbe yon prizonye nan izolman kòm pinisyon pandan plis pase yon total swasant (60) jou nan nenpòt peryòd sis (6) mwa, sof si, lè peryòd swasant (60) jou a fini oswa pandan tout peryòd swasant (60) jou a, prizonye a te kontinye patisipe nan gwo zak vyolans grav, yon fason pou plasman an amplis izolman kòm pinisyon an pral mete lavi prizonye a oswa manm pèsonèl la an danje.

(i) Nan ka sa yo, yo pa dwe egzije Depatman an pou I libere prizonye a nan izolman kòm pinisyon an apre swasant (60) jou fin pase.

(ii) Fòk Chèf Depatman an apwouve pwolonjman plasman nan izolman kòm pinisyon sa a alekri epi bay: (1) rezon ki fè yo jije plasman prizonye a nan yon anviwònman ki mwens limite pa t apwopriye oswa pa t disponib, epi (2) poukisa kenbe prizonye a nan izolman kòm pinisyon an nesesè pou asire sekirite prizonye yo oswa manm pèsonèl la.

(iii) Fòk Depatman an bay Konsèy Administrasyon an ak Otorite Sante Koreksyonèl ki konpetan yo yon kopi apwobasyon alekri Chèf Depatman an lapoula.

(4) Prizonye yo kondane pou izolman kòm pinisyon yo pou yon agresyon sou manm pèsonèl ki lakoz manm pèsonèl la soufri youn oswa plizyè blesi grav, jan sa liste anba definisyon Depatman an pou "A" Ensidan kote yo Itilize Fòs, ka resevwa yon pèn izolman kòm pinisyon k ap dire jiska swasant (60) jou pou sèl enfraksyon sa a.

(i) Fòk Chèf Depatman oswa yon reprezantan apwouve oswa dezapwouve alekri nenpòt pèn izolman kòm pinisyon pou agresyon grav sou manm pèsonèl la ki depase trant (30) jou. Yo dwe voye apwobasyon oswa dezapwobasyon alekri a bay prizonye a, Konsèy Administrasyon an ak Otorite Sante Koreksyonèl ki konpetan yo lapoula,

(ii) Pandan yon prizonye ap piye yon pèn nan izolman kòm pinisyon pou yon agresyon grav sou manm pèsonèl la ki depase trant (30) jou, Depatman an pa dwe egzije pou yo libere prizonye a nan lojman izolman kòm pinisyon an apre trant (30) jou youn dèyè lòt.

(iii) Lè pèn yon prizonye nan izolman kòm pinisyon pou agresyon grav sou manm pèsonèl la depase karannsenk (45) jou, Chèf Depatman an oswa yon reprezantan dwe revize pèn lan karannsenk (45) jou apre I fin kòmanse pou I deside si yo kapab plase prizonye a nan yon lòt inite lojman ki disponib pou rès pèn an. Yo dwe site desizyon an, ak rezon pou kore li alekri a epi voye li bay prizonye a, Konsèy Administrasyon an ak Otorite Sante Koreksyonèl ki konpetan yo lapoula,

(5) Sitiayson souparagraf (iii) paragrap (4) sibdivizyon sa a pa kouvre yo, nenpòt lè karannsenk (45)

jou youn dèyè lòt nan tan yon prizone te pase nan izolman kòm pinisyon an pase, Chèf Depatman an oswa yon reprezantan dwe revize tan yon prizonye pase sou karannsenkyèm (45yèm) jou a pou l deside si yo kapab plase prizonye a nan yon lòt inite lojman ki disponib pou rès prizonye a ap pije a. Yo dwe site desizyon an, ak rezon pou kore li alekri a epi voye li bay prizonye a, Konsèy Administrasyon an ak Otorite Sante Koreksyonèl ki konpetan yo lapoula.

(6) Fòk yo bay prizonye yo mete nan izolman kòm pinisyon epi yo te kenbe anndan an pandan plis pase trant (30) jou youn dèyè lòt oswa ki te pase plis swasant (60) jou nan yon peryòd sis (6) mwa plizyè vizit sante mantal chak jou. Fòk vizit sa yo dokimante alekri. Apati 1ye out 2016, Depatman an dwe ofri prizonye sa yo terapi konpòtmantal koyitif anplis oswa yon entèvansyon menm jan an ki baze sou prèv ki vize abòde koz prensipal konpòtman ki te lakoz pwolonjman tan prizonye a pase nan izolman kòm pinisyon an. Yo dwe devlope pwogram sa yo nan chita pale avèk Otorite Sante Koreksyonèl ki konpetan.

(e) *Tan deyò selil ki nesesè*. Fòk yo kite prizonye ki fèmen nan izolman kòm pinisyon pou deli ki pa vyolan oswa deli grad 2 yo pase omwen sèt (7) èdtan pa jou deyò selil la.

(f) *Manm pèsonèl*.

(1) Ajan koreksyon ki afekte nan lojman izolman kòm pinisyon yo dwe resevwa karant (40) èdtan fòmasyon espesyal ki fèt pou abòde karakteristik inik izolman kòm pinisyon yo ak prizonye yo. Fòmasyon sa a dwe gen ladan l men genyen toujou, rekonesans ak konpreyansyon maladi mantal ak detrè, komunikasyon efikas ak teknik pou dezamòse konfli.

(2) Yo dwe afekte omwen vennsenk (25) poustan pèsonèl koreksyon ki afekte nan lojman izolman kòm pinisyon an nan pòs ki fiks.

(g) *Tan nan izolman kòm pinisyon akoz yon fèmen nan prizon anvan*. Apati dat seksyon sa a antre an vigè, yo pa dwe afekte okenn prizonye nan izolman kòm pinisyon oswa kenbe li nan izolman kòm pinisyon pou nenpòt lè akoz yon fèmen nan prizon separe ak anvan prizonye sa a te kondane pou li men pa t pije l nan izolman kòm pinisyon.

(d) *Rapò sou izolman kòm pinisyon*.

(1) Anvan swasant (60) jou apre emplémentasyon lojman kote siveyans lan amelyore jan sa prevwa nan 40 RCNY § 1-16 ki nan chapit sa a epi chak swasant (60) jou apresa, Depatman an dwe soumèt bay Konsèy Administrasyon an enfòmasyon ki gen pou wè ak emplémentasyon chanjman ki nesesè pou izolman kòm pinisyon an. Enfòmasyon sa yo dwe genyen ladan yo, men dwe genyen toujou:

(i) kantite prizonye yo kenbe nan izolman kòm pinisyon ak kantite prizonye k ap tann pou yo kenbe yo nan izolman kòm pinisyon;

(ii) done ki gen pou wè ak dire pèn izolman kòm pinisyon an ak frekans kalite deli ki mennen nan pèn izolman kòm pinisyon yo;

(iii) estati rediksyon pèn izolman kòm pinisyon an soti katrevendis (90) rive trant (30) jou ak nenpòt lòt jefò pou redui itilizasyon izolman kòm pinisyon ak valè tan nan izolman kòm pinisyon an;

(iv) estati emplémentasyon règleman planifye Depatman an pou li egzije yo libere yon prizonye nan izolman kòm pinisyon pou yon minimòm sèt (7) jou anvan li retounen nan izolman kòm pinisyon an;

(v) kantite pèn izolman kòm pinisyon ki dire soti tranteyen (31) rive karannsenk (45) jou yo bay prizonye yo pou yon agresyon grav sou manm pèsonèl la, kesyon ki poze pou konnen si Chèf Depatman an oswa yon reprezantan te apwouve oswa dezapwouve pèn lan fè yo retire yo nan gwoup la;

(vi) kantite pèn izolman kòm pinisyon ki depase karannsenk (45) jou yo bay prizonye yo pou yon agresyon grav sou manm pèsonèl la, kesyon ki poze pou konnen si Chèf Depatman an oswa yon reprezantan te apwouve oswa dezapwouve pèn lan fè yo retire yo nan gwoup la;

(vii) kantite pèn izolman kòm pinisyon Chèf Depatman an oswa yon reprezantan te revize (45) jou apre kòmansman an ak kantite ka kote, akoz revizyon sa a, yo te plase yon prizonye nan yon lòt inite lojman pou rès pèn lan.

(viii) kantite demann yo soumèt bay Chèf Depatman an pou l kenbe yon prizonye nan izolman kòm pinisyon pandan plis pase yon total swasant (60) jou nan yon peryòd sis (6) mwa, kesyon ki poze pou konnen si Chèf Depatman an te apwouve oswa dezapwouve pèn lan fè yo retire yo nan gwoup la;

(ix) kantite prizonye ki te resevwa de (2) oswa plizyè plasman nan izolman kòm pinisyon daprè 40 RCNY § 1-17(d)(3);

(x) kantite prizonye ki nan detansyon nan Depatman an kounye a yo te, pandan yo fèmen yo nan prizon an, mete nan izolman kòm pinisyon pou yon total: youn (1) rive trant (30) jou, tranteyen (31) rive swasant (60) jou, swasanteyen (61) rive katrevendis (90) jou, katrevèn-en (91) rive sanven (120) jou, ak plis pase sanven (120) jou;

(xi) kantite prizonye yo mete nan izolman kòm pinisyon kounye a, yo te kenbe anndan an, youn

dèyè lòt, pandan: youn (1) rive trant (30) jou, tranteyen (31) rive swasant (60) jou, swasanteyen (61) rive katrevendis (90) jou, katreven-en (91) sanven (120) jou, ak plis pase sanven (120) jou;

(xii) yon plan ak yon kalandriye ki detaye mezi ki nesesè pou redui dire pèn izolman kòm pinisyon yo epi pou redui kantite prizonye yo mete nan izolman kòm pinisyon;

(xiii) done ki gen pou wè ak kantite Iwazi ak moman deyò selil yo bay prizonye yo mete nan izolman kòm pinisyon yo; ak

(xiv) nenpòt lòt enfòmasyon Depatman an oswa Konsèy Administrasyon an konsidere ki enpòtan pou evalyasyon izolman kòm pinisyon ki nan etablisman Depatman yo.

(2) Anvan 1ye jen 2016, Depatman an dwe soumèt bay Konsèy Administrasyon an yon rapò ki analize ak rekòmande opsyon pou redui vyolans prizonye ki fèmen oswa ki libere nan izolman kòm pinisyon yo komèt epi ki itilize mwayen anplis pwolonjman tan prizonye a pase fèmen nan izolman kòm pinisyon an. Rapò a dwe:

(i) detaye fason solisyon li rekòmande yo pral kore objektif yo ki se pwoteje sekirite ak byennèt manm pèsonèl la ak prizonye yo nan fè pwomosyon sekirite etablisman Depatman yo ak nan fasilité prizonye antre ankò san pwoblèm;

(ii) dekri mezi Depatman an te deja aplike yo oswa plan pou aplike yo a, tankou pwogram yo ak lojman an, ak tou lòt mezi li te konsidere yo;

(iii) genyen yon evalyasyon avantaj ak enkonvenyan chak opsyon, ak divès enpak posib yo pou aplike chak opsyon, tankou nenpòt resous yo ka bezwen; ak

(iv) genyen yon deskripsyon rechèch Depatman an fè sou sistèm disiplinè efikas yo ak altènativ pou izolman kòm pinisyon ak pwogrè jefò Depatman an pou l idantifye lòt pwogram ki kapab reyisi yo epi kote pou yo mete delenkan vyolan yo an sekirite epi trete yo.